№10 (19894) hakikat_gazeta hakikat1917@mail.ru hakikat.info

АССАЛАМУ ГІАЛАЙКУМ

# ХIАКЪИКЪАТ

МАГIАРУЛАЗУЛ РЕСПУБЛИКАЯЛЪУЛАБ КАЗИЯТ

15 март 2024 с. рузман

## ПРЕЗИДЕНТАСУЛ РИЩИЯЛ

# Кинабго хIадур буго






**14 марталда Дагъистаналъул бетIер Сергей Меликовасулгун букIараб дандчIваялда Республикаялъул рищиязул комиссиялъул нухмалъулев МухIамад Дибировас бицана 15-17 марталда улкаялъул президентасул рищиял тIоритIиялъе кинабго хIадурун бугилан (гъаркъал кьезе санагIатал бакIалги, къайи-цIаги, металлодетекторалги, рекъезабун рагIула токалъул ишги). Гьеб хIалтIи гIуцIизе тIадкъан буго рищиязул комиссиялъул 14 азарго чиясда. Гъаркъал кьолезул сияхIалда вуго кинавниги 1,7 млн чи.**

**Хас гьабун магIарул районазда гьеб рахъалъ бугеб ахIвал-хIал цIехезелъун, ТИКазул нухмалъулезулгун бухьенал гьаруна «ХIакъикъат» газеталъул хIалтIухъаби Кавсарат Сулеймановалъ, Ашахан Юсуповас ва ПатIимат СултIанмухIамадовалъ.**

**БежтIа участокалъул территориалияб комиссиялъул председатель СагIадула Хизриев:**




«БежтIа участокалда буго рищиязул 12 участок: ичIго – магIарухъ ва лъабго – гIатIиракьалда. Киналго бакIал хьезарун руго хIажатаб къайи-алаталдалъун, гIуцIун руго комиссиял. ХIадурлъи буго лъикIаб, рищиял тIоритIиялъе кинабгIаги квекIен гьечIо.

Рищиязда гIахьаллъизе ихтияр кьолеб ригьалъул 6021 чи вуго участокалда. Гьезул сияхIалги мухIкан гьарун руго. ГIадамазда гьоркьоб бичIчIикьеялъулаб хIалтIиги гьабуна.

Гьал рищиязул хасльи ккола улкаялъул букIинесеб тIаса бищулеб букIин. Гьеб бараб буго нилъеца президентлъун вищизе вугев чиясда. Дунялалда бугеб хIалуцинги бичIчIулеб буго нилъер халкъалда. БежтIа участокалдаса анлънусгогIанасев чи вуго гьабсагIаталда Украинаялда тIобитIулеб бугеб хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъулев. Ккана камиялги: 18 гIолохъанчияс гIумру кьуна ватIаналда цебе бугеб борч тIубалаго. Гьединал хIужаби гIемерлъунгутIи буго нилъер аслияб мурад. Гьеби цогидал кIвар бугел масъалабиги тIуразаризе бажарулев чи вищизе ккола улкаялъул президентлъун. Гьелде кIвар буссинабуна рищиязде хIадурлъулеб заманалда».

**ЦIунтIа районалъул ТИКалъул председатель ХIусен Гъазиев:**



«ЦIунтIа районалда буго рищиязул 34 участок. Щибаб участокалда гIуцIун буго бакIалъулаб комиссия.

Сон тIобитIана рищиязде хIадурлъиялъул хIасилазул хIакъалъулъ бицараб дандельи-семинар. Гьелда гIахьаллъана райадминистрациялъулги, депутатазул собраниялъулги, низам цIунулел идарабазулги вакилзаби ва бакIалъул рищиязул комиссиязул председателалгун секретарал.

Бицана рищиязул комиссиязде тIадал ишазул хIакъалъулъ. Нагагь ракIалда гьечIел лъугьа-бахъинал ккани, щиб гьабилебали малъа-хъваялги гьаруна низам цIунулел идарабазул хIалтIухъабаз. Дандрана бакIалъулал комиссиязда ругел суалалги. Комиссиязул председателаз бицана, рищиязул бюллетенал рачIун ругин, хIажатал документалги къайи-алатги хIадурун бугин абун.

Дандельиялъул кIиабилеб бутIаялда гIуцIун букIана малъа-хъваязул семинар. Комиссиязул председателаздаги секретараздаги бихьизабуна видеоролик. Гьелда якьинго бихьизабуна рищиязул къагIида, ай гьаракь кьезе рачIарал гIадамазул гIадлу-низам кин гьабилебали. Киналго тадбирал гIуцIун руго, ва ЦIунтIа район рищиязде хIадурго буго.

Амма цо дагьабго квекIенги халлъана. Нижер рищиязул участкаби гIуцIун руго школазда. Гьезулин абуни, метер буго хIалтIул къо. Дица школазул нухмалъулезда бихьизабуна ДРялъул лъай кьеялъул ва гIелмуялъул министрасул кагъат. Гьелда хъван буго, каникулазул заманалда цIалиги гIуцIун, рищиял тIоритIизелъун метерисеб къо гIодобкъолъун лъазабеян абун.

Жакъа районалде вачIун вукIана ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат ГIабдулмуслим КъурбангIалиев. Гьесул гIахьаллъигун тIобитIараб дандельиялда районалъул лъай кьеялъул управлениялъул начальникас абуна, школазда рищиял тIоритIиялъе кинабгIаги квалквал букIине гьечIин абун».

*(Хадусеб 3-аб. гьумералда)*

## ХIАЖАТАБ КАЛАМ

### Суратаздаса нилъ нечараб заман



4 гьум. >>>

## КIОЧОНАРЕЛ ЦIАРАЛ

### Эркенлъиялъул цIагун вачIарав



6 гьум. >>>

## ПИКРУ

### Мурад щибдай?



9 гьум. >>>

# Шамилил фондалъул къисмат кинабдай ккела?

**Шамил имамасул цIаралда бугеб халкъазда гьоркьосеб фонд буго нилъер. ГIемерал сонал ана гьеб хIалтIизе лъугьаралдаса, букIана кIудияб хIаракатчилъиги. Гьанже гьеб къазе хIукму гьабун буго РФялъул Юстициялъул министерствоялъул ДРялда бугеб управлениялъ.**

2018 соналдаса нахъе гьеб фондалъе нухмалъи гьабулеб букIана ГIалиасхIаб Хархачаевас. ХIалтIул нулевияб отчет кьечIогойин абун, къан рагIула фонд.



*«Гьадинаб хIукму бугилан нижеда цIарги бахъичIого, я нижер цоници вакилги ахIичIого, судги гьабун хIукму кьотIун рагIула гьез. Гьедин гьабулеб жойищ букIунеб хIукму? Лъеберго сон балеб буго Шамилил фонд гIуцIаралдаса. Гьеб заманалда гьелъ тIоритIанщинал тадбиралги, гьарунщинал сапаралги, кIудияв имамасул цIарги, тарихги, къадруги цIунизелъун дуналалда гьеб рагIизелъун гIемераб хIалтIи гьабуна. Халкъазда гьоркьосеб даражаялдеги бахана. Гьанже гьеб къазе хIукму гьабун рагIула.*

*Ниж гьеб хIукмуялда рази гьечIо, нижеца гьеб къабулги гьабуларо. Верховный судалде апелляцияги кьун буго. Балагьила судалъул хIукмуялъухъ. Амма дие бокьун буго магIарул газетаги гьоркьобккун киназдаго рагIулеб хIалалда абизе: Шамилил цIар кьураб фонд къазе нижеца биччазе гьечIо»*, - ян бицана ГI. Хархачаевас.

Нижехъе щварал баяназда рекъон, фонд къаялъе гIиллалъун ккун буго РФялъул Юстициялъул министерствоялъул ДРялда бугеб управлениялъ гьезухъе битIараб официалияб кагътида, фондалъул нухмалъиялъ мекъаб адрес бихьизаби. Жидеца хал гьабун хадуб гьеб адресалда жидеда гьеб фондалъул хъвайхъвагIай (регистрация) батичIин бицана Юстициялъул министерствоялъул хIалтIухъанас.

КIиго къоялъ хадур чIана ниж гьезухъа официалияб баян щвелародайин абураб хьулалъ. Ахирги газета печаталде кьолел ниж рукIаго, гьеле гьединаб къокъаб баян бачIана. Ниж балагьун чIун руго рехсараб министерствоялъухъа дагьабги мухIканаб ва камилаб баян щвеялъухъ. ТIубан кинабго баянлъидал, хIакъикъат бичIчIидал, мухIканго гьелъул хIакъалъулъ хъвала газеталъул хадусеб номералда. Ин шаа Ллагь.

***Ашахан ЮСУПОВ***

# НухIил гама гIадаб улка - Россия

**12 марталда Москваялда тIобитIана «Россия – халкъазул рукъ» абураб ТIолгороссиялъул форум. Гьениб бицана хъизам цIуниялъе, хъизамалда гьоркьосел бухьенал щула гьариялъе нухал ратиялъулги, жамгIияталъул кIвар хъизамалде буссинабиялъулги хIакъалъулъ. Гьелда гIахьаллъана Дагъистаналъул вакилзабиги: «ГIурус мацIалъулги адабиялъулги республикаялъулаб центр» ГБУялъул директор Руслан Луговой, захIматаб хIалалде ккарал лъимал хьихьулеб «КIудияб хъизам» абураб Дагъистаналъул регионалияб жамгIияб гIуцIиялъул президент Зада Макъсудова, «Бесдалал гьечIеб Дагъистан» абураб бесдалазул ихтиярал цIунулеб Дагъистаналъул регионалияб жамгIияб хIаракаталъул директор Раисат ГIусманова.**




- Форум гIуцIиялъулъ аслияб бутIа лъурав чи ккола РФялъул президентасул администрациялъул нухмалъулесул заместитель МухIамадсалам МухIамадов. Гьес абуна Россиялъул миллияб политика буссинабун бугин цоцалъ жубараб кIиго масъала тIубазабиялде – халкъалги гьезул хасльиги гьорлъе бачараб Россиялъул миллаталъул цолъи цIуниялде, - ян бицана З. Макъсудовалъ. - Кутакалда бокьана Россотрудничествоялъул нухмалъулев Евгений Примаковасул кIалъай. Гьес абуна гьабсагIаталда Россия релълъунин дуналалъулго цивилизация цIунизе хIаракат бахъулеб НухIил гамида.

КIудияб асар гьабуна Францияалдаса хъизамгун цадахъ Россиялде гочарав ва Фабрис Эммануэл Жильбер Сорлинил кIалъаялъ. Гьесул буго ичIго лъимер. Гьез лъазабулеб буго гIурус мацI. «БакътIерхьул улкабазда тIагГинабулеб буго хъизамалъул кIвар. Хъизам тIагIинабуни, тIагIуна жамгIиятги. Рекламаялда, фильмазда, хIатта школаздацин бицунеб буго цо хъизамалда кIиго дада яги кIиго баба йикIин гIадлъизе ккараб иш гурин абун. Гьединлъидал Францияялъул гIемерал хъизамазул хьул буго Россиялде», - ян абуна Сорлиница.

Форумалда рорхана кIвар бугел гIемерал масъалаби. Гьенир рехсарал цо-цо хIужаби дир ракIалъ къабул гьаруларо. Масала, школлъималазе мисаллъун лъугьунел руго хъачагъал, чIвадарухъаби. Учительзабазде тIаде кколеб буго гьезулгун бичIчIикьеялъул хIалтIи гIуцIи. Амма щивасда лъазе ккола тарбия хъизамалдасан байбихьун кьезе кколеблъи.

Рахьдал мацIал малъиялъул хIакъалъулъ цIехедал, З. Макъсудовалъ гьадин бицана: «Дарсал кьеялъул гьениб бицен гьабичIо. Хъизамалъул лъагIалил хIурматалда тIобитIулеб букIиналъ батила, форумалда аслияб кIвар буссинабуна тарбия кьеялъул суалазде. Регионазул вакилзабаз бицана, масала, школалда тIадеги лъай кьеялъул идарабазда миллатчилъиялдегун такъсирчилъиялде дандечIолел тадбирал гIуцIиялъул хIакъалъулъ. Ставрополь краялъул лъай кьеялъул министрлъун хIалтIарав, гьанже Федералияб министерствоялда хIалтIулев чияс абуна, тарбия кьеялъул хIалтIул 84 процент тIубалила школазда тIадеги лъай кьеялъул идарабаздаян абун. Амма гьединаб хIаракаталъе нижер школалда ресал ратизе захIмалъула».

Форумалда загьир гьарурал аслиял пикрабазул хIакъалъулъ бицина «ХIакъикъаталъул» хадусеб номералда.

***К. СУЛЕЙМАНОВА***



Ашахан ЮСУПОВ
ashahan-84@mail.ru

## Цо рохелни хутIун буго

**Гьан тIамулел тIаде рахъа,**
**ТIех буцулел дагьалъги чIа,**
**ЧIагIа бугес дунги ахIе,**
**Гьо-гьо-гьо, гьа-гьа-гьа-гье-гье.**

ГьабсагIат нужеца цIалана гьанжеялдаса 100-150 соналъ цебе магIарухъ рамазан моцI тIаде щвараб мехалъ радакь гIужалъ пуланаб аваладаса гIодове унаго, росдал гIелас ахIулел рукIарал рагIаби. Ток гьечIеб, радиоялъул гьаракь рагIичIел умумузул заманалде нахъруссана нилъ цо лахIзаталъ. Гьедин букIана цебе магIарухъ. Кунеб, ретIунеб жоялъул мукъсанлъи букIанин бицуна цIикIкIараз, амма аваданал, рукъ мискинго букIаниги, ракI бечедго букIунел гIадамал рукIана. Гьедин бицунеб батана дида гьитIинго, гьедин бицуна жакъаги.

Рамазан моцI щведал, рохула нилъ. КIалалги кквезе, жамагIат гьабун таравихI какалги разе, садакъабиги гьаризе, Аллагьги рехсезе нияталда, нилъерго чурхдулги ракIалги къачIалел рукIуна.

Рамазан моцI тIаде щведал, дида ракIалде щола дирго лъимерлъи. Радакь рахьине доб мехалъ букIунеб букIараб гьира. Гьалилги ролъулги мугь батIабахизе лъаларедухъ дунял бецIго бугони, жеги кваназе бегьулин цоцаздехун гьабулеб калам. Рогьалил как ахIулев будунасул росдада тIад тIибитIараб гьаракь.

Хадуб - бакьанил гIуж, бакъал тIерхьунеб заман. КIал биччазе заман гIагарлъиялъухъ балагьун чIун гIисинаб гIел. Къасиялде кIал биччазе квен хIадурулел улбул, щибаб аваладаса чIвалеб берцинаб махI. КIал биччазе жидер дорехун раккеян цоцазде балеб ругьел. Гьасда аваданлъи, махсара-хочI.

ТаравихIазде рачIунел гIадамазул хIатIил сас. Мажгиталъул цебесеб къер берцин гьабурал хьахIал мугжузул хараби, сабурал гьурмал.

Гьедин букIана дун гьитIинаб мехалда магIарухъ. Амма хадуб хисана кинабго.

Кинабго кьун буго жакъа БетIергьанас: квен-тIехалъул гьарзалъиги, мажгиталги, садакъаби гьаризе ресги, гьоркь рекIине машинабиги, дуналалъул доб рагIалда вугесда дур гьаракь, сипат, гьасда кквараб хинкIалъул хIакъикъат бихьизабун бажарулел телефоналги, интернетги. Гьеле гьенисан унеб нух батуларого хутIун руго нилъ. Цебе букIараб ракIжубайги, иманги, яхIги, рухIияб къуватги нилъедаса лъутулеб, рикIкIалъулеб, къо бахъанагIан тIагIунеб буго.

ХIамзатил Расулица абухъе: «Росулел кверазулъ цебе букIараб, рекIелъе лъугьунеб хинлъи дагь буго. Кьолеб саламалъулъ санал анагIан, собраниялъ гIадаб цо чIалгIен буго».

Гьедин буго жакъа. КIалалги ккола, таравихIалги рала, ифтаралги тIоритIула, садакъабиги гьарула. Амма щаялиго рохел дагь буго. Рохел дагьлъулеб буго гIадамазул рекIелъа. Релъа-рохун, разиго рукIине хIаракат бахъаниги, лъугьунеб гьечIо.

Кинабго уна, хисула. Хисуларо дин, БетIергьанасде божилъи, Аллагьасул хирияб калам – Къуръан. ЦохIо гьелъулъ буго жакъа хвасарлъи, рекIелъе лъугьунеб рохел, ва метерисеб къоялде бугеб божи.

## Президентасул рищиял

# Кинабго хIадур буго

*(Байбихьи 1-себ гьумералда)*

**АхIмад ХIажиев, Болъихъ районалъул ТИКалъул председатель:**



«Жакъа къоялде кинабниги алат рекъезабун, комиссиялги гIуцIун, рищиязде хIадурун буго Болъихъ районалда бугеб 44 участок. Районалда жаниб буго рищиязул 33 участок, хутIараб 11-яб абуни буго Гъизляр, Бабаюрт, Тарумовка районазда ругел хъутабазда. Районалда вуго 29200 избирательги.

Рищиял тIоритIиялъе щибго квалквалги гьечIо, хIадурлъи гьабулаго киналгIаги захIмалъабиги дандчIвачIо.

17 февралалдаса 7 марталде щвезегIан, избирателазухъе рокъореги хьвадун, рищиязул хIакъалъулъ бицана. Исана рокъосанго рищиязда гIахьаллъулезул къадарги гIезегIан цIикIкIараб буго.

Гьединаб, ай рокъо-рокъореги хьвадун, рищиязул хIакъалъулъ бицунеб ва гIахьаллъизе ругищин цIехолеб къагIида цебе букIинчIо. Унтаралги хералги рищиязда кин гIахьаллъизе ругелали цIех-рех гьабун, участокалде рачIун бажарулареze рес кьуна рокъорго чIун рищиязда гIахьаллъизе. Гьединго, Централияб рищиязул комиссиялъулгун рагьараб трансляциялъул бухьенги бугеб ичIго видеокамера буго районалъул рищиязул участоказда.

ПалхIасил, камураб жо гьечIо, хIажатабщинаб чIезабун буго».

**Салман Ярбилов, ЧIарада районалъул ТИКалъул председатель:**



«Районалда буго рищиязул 32 участок. Гьезда гьоркьоса кIигояб буго район тун къватIиб. Цояб - Цадахъ абураб росулъ, кIиабилеб - Кочубеялда. Кинавниги 9230 избиратель вуго нижер.

ЦИКалъ тасдикъ гьабураб календарияб планалда рекъон гьабуна тIолабго хIалтIи. Рищиял тIоритIулел участокал хIадурун, бюллетенал кьун руго. ХIажатал документал щвезарун руго рищиязул участоказде. Участокал рагьизе ва рищиял тIоритIизе кинабго хIадурго буго.

ДРялъул бетIер Сергей Меликовасул тIадкъаялда рекъон, рищиязул комиссиязе кумек гьабулеб хIалтIулаб къокъаялъги гIемераб жигар бахъана. Гьез кьола нижее рищиял жанир тIоритIизе бакIалги. ЦIа ккеялдаса цIуниялъул низамалги гIуцIана гьез, сейфаздалъунги цогидал жалаздалъунги хьезаруна. Гьединго райадминистрациялъги кумек гьабулеб буго рищиязде хIадурлъизе.

17 февралалдаса 7 марталде щвезегIан ЦИКалъ гIуцIараб «Информ УИК» абураб проекталда рекъон, хIадурлъи гьабулеб букIана президентасул рищиязде.

Комиссиялъ кIвар кьолеб буго рищиязде рачIун бажаруларел унтараздегун инвалидазе. Халкъалъе социалияб хъулухъ гьабиялъул централъул хIалтIухъабигунги дандчIван, гьез нижехъе кьураб сияхIалда рекъон, рокъо-рокъоре хьвадун цебеккунго гIуцIана рищиязде рачIун бажарулел, рокъобго гьаракь кьезесел гIадамазул сияхI.

Цебеялде дандеккун, исана цIакъго тIадчIей буго рищиязда. Цебе букIинчIеб проект буго «Информ УИК». Цебехунги гьабулаан информациялъулаб хIалтIи, исанайин абуни щивав чиясда аскIоре ун, бицана рищиязул хIакъалъулъ. Телефоналдаги буго гьеб проекталъул приложение».

**Рамазан Мухтаров, ЛъаратIа районалъул рищиязул комиссиялъул нухмалъулев:**



«Щибаб росулъ гIуцIун буго рищиязул участок. Хъутаналда ругелги малъун, кинабниги 56 участок буго районалда. Гьезул 40-яб буго магIарухъ, 16-яб - хъутабазда ругел росабалъ.

Щибаб цIаракиялде цереккунго ритIана рищиязул программа, кандидатазул цIарал ва цогидабги баян тIад хъварал кагътал.

ГьитIинав-кIудияв батIалъи гьечIого, гIадамал хIадур руго рищиязде рачIине. Рокъоса къватIире рахъине кIоларел, гIажизал, херлъун нахъе ккарал чагIазухъе рокъоре хьвадизе руго. Бюллетенал хIадурго руго, рищиязул участокалда хIажатабщинаб чIезабун буго. Къокъго абуни, ЛъаратIа районалда квекIенал гьечIо рищиял тIоритIизе.

Аллагьас хъван батани, ракIалда буго рищиязул рахъалъ лъикIаб мисал бихьизабизе».

**Дибиров МухIамад, ГIахьвахъ районалъул рищиязул комиссиялъул нухмалъулев:**



«ГIахьвахъ районалдаги киналго участокал хIадур руго рищиял тIоритIизе. Кинабго къайи-цIа, ручка-къаламалде, бухьен гьабизе хIажалъулел сурсатазде гIунтIун чIезабун буго. Районалда буго 34 рищиязул участок. ГьедигIанасебго комиссияги буго. Щибаб комиссиялда гьорлъ щу-щу, анкь-анкь, ичI-ичI чиги вуго. ГIаммаб къагIидаялъ босани, кIинусгоялдаса цIикIкIун хIалтIухъан вуго.

Рищиязде рачIине кIоларел, херал, унтарал гIадамазухъе рокъоре хьвадизе тарал гIадамалги руго, транспортги цогидабги хIадурго буго.

Исана щибаб рокъоре хьвадизе ккеялъ, ай щивасухъе рищиязул программа тIад хъварал кагътал кьезе кколел рукIиналъ, хIалтIи цIикIкIана. Амма цIикIкIунилан абун щиб гьабилеб, улкаялъул бетIер вищулеб тадбир бугелъул лъабго къоялъ тIобитIулеб. ГьелъиегIоло гьеж гурун хIалтIизе къачIан руго ниж».

**МухIамадбег МухIидинов, Гумбет районалъул рищиязул комиссиялъул нухмалъулев:**



«24 рищиязул участок буго хIалтIизе хIадурун. Щибаб участокалда полициялъул хIалтIухъабиги рищиязул комиссиялъул вакилзабиги рукIине руго тадбир берцинго тIобитIиялъе квербакъизе.

Киналго бюллетеналги церего щибаб участокалде щвезаруна. Щибго квалквал гьечIо, кинабго хIадурун, къачIан чIезабун буго.

Къокъго абуни, районалъул гIадамал хIадур руго рищиязда гIахьаллъи гьабизе».

## Барки



Исана марталда 66 сон тIубала Гумбет районалъул бетIер Гъалип Гъалипов гьавуралдаса. Килалъ росдал школалда физикаялъул учитель, ДРялъул энергетикаялъул идараялъул нухмалъулев, 2021 соналдаса нахъе Гумбет районалъул бетIер Гъалипил кIудияб хIалбихьи буго халкъалъулгун хIалтIи гьабиялъул. Гьесул напсалъул аслияб рахъ буго инсанасул хъулухъ тIубазе кидаго хIадурав вукIин.

Районалъул захIматчагIазгун интеллигенциялъ, гьесул нухмалъиялда гьоркь, кIудияб бутIа лъолеб буго районалъул экономикияб ва социалияб рахъ цебетIезабиялда бан гIумруялде рахъинарулел ругел республикаялъулал ва бакIалъулал проектал тIуразариялъулъ. Гьеб рахъалъ район ккола республикаялда бищун лъикIазда гьорлъе.

Гьелдаго цадахъ жигараб хIалтIи гьабулеб буго миллаталъул рухIияб рахъ цIуниялдеги. Ниж рохарал руго «ХIакъикъат» газеталъулгун Гъалипил бугеб лъикIаб гьоркьоблъиялдаса.

Гьесул кIвахI гьечIеб хIалтIуе мустахIикъаб къимат кьола федералияб ва республикаялъулал нухмалъулезги.

**«ХIакъикъаталъул» коллективалъ ракI-ракIалъго баркула Гъалип Гъалиповасда гьавураб къо, гьарула щулияб сахлъи ва хадубккунги район цебетIезабиялъулъ тавпикъ.**

## Лъазаби

**Хирияй магIарулал!**

**Лъабабилеб апрелалда магIарул басмаялъ, ай жакъасеб «ХIакъикъаталъ» тIубала 107 сон. Газеталъул тарих – гьеб буго халкъалъул гIумру даим цIуниялъе квербакъулеб мугъру. Гьединлъидал, газеталъу тIоцебесеб номер къватIибе бачIаралдаса 107 сон тIубаялда бан, редакциялъ тIобитIизе буго «ХIакъикъаталъул» диктант». Гьелда гIахьаллъизе бокьарав чи редакциялде вачIине ккола тIасияб анкьалъ, ай 19 марталда, сагIат кIиго тIубараб мехалда.**

**Бищунго лъикI диктант хъваразе кьезе руго сайгъатал.**

***РЕДАКЦИЯ***

# Суратаздаса нилъ нечараб заман

**Чанго соналъ данде кIутIун «ХIакъикъат» газеталъул редакциялъул нахъарокъобе бараб архивалъухъ халгъабулаго, тIадеккана магIарул казияталъул нухмалъуда рукIарал миллатцоязул суратазде. Художникас махщалида рахъарал гьел кIвар гьечIого бокIнилъе ран ратиялда гIажаиблъана, гIажаиблъизе жого хутIичIеб заман гьаб бугониги. Бальго гьабун щай, дунго намуслъана суратаздасан дихъ благьарал гьел гIадамаздаса. ГIасруялдасаги цIикIкIун заманалъ цебе нилъер халкъалъе гьаб казият гIуцIарав МахIач Дахадаевасул ва гIемерал соназ гьелъие нухмалъи гьабурав ХIажи ГIариповасул суратал, хIуралдаса рацIцIа-ракун дирго хIалтIул кабинеталъул къадада рана. Намусалда къабулеб цIал кинниги дида дандритIун рарал гьел суратаздасан, масала, МахIачица абулеб бугин ккана: «Хадуб щибдай гьаб дир халкъалъ жиндирго миллияб басмаялда гьабила», - ян. ГIарипов ХIажи бадиве вуссун: «Жакъа щибха дуца гьабулеб бугеб?» - ин, сурав босулев кинниги суал кьолев. ГIариповасул бадие юссинеги кIоларого, «доб заманалъ миллаталъе гьаб казият гIуцIулезда гьоркьойго йикIарайанищ дун, миллиябщиналъул ургъелго гьечIездаса гьаб цIунулезулъ ятичIого», -ян абураб чараго хвараб гIадаб жаваб буго дирги.**



ГIумруялъул 95 сон тIубалаан исана ХIажи ГIариповас. КIикъогоялдасаги цIикIкIун соналъ Дагъистаналъул информациялъул алатазул нухмалъуда хIалтIарав гьесул бажариялъулги, гьес хъварал анцI-анцI очерказулгун тIахьазулги жакъа гьаниб бицинаро, хадуб гIатIидго кьела. Гьес хъвана жиндир заманалъул бахIарзазул, рагъда хадусеб гIумруялъул, хIалтIана доб заманалъул низамалъ тIалаб гьабухъе.

Улкаги биххун, рагIуе эркенлъи щведал, гьунар бугел магIарул гIолохъабазе бокьана, жидерго бажари-жанги кьун, цIияб заманалда рекъон «БагIараб байрахъ» гIуцIизе. Гьеб пикру загьир гьабулаго, ГьазимухIамад ГъалбацIовас хъвана 1991 соналъ къватIибе биччараб «Сабаб» журналалда:

*«Киналго магIарулаз, багьаялъухъ балагьичIого, газета хъвазе ккани, тIоцебесеб иргаялда, хIалтIудаса нахъе ине ккола редактор ГIарипов ХIажи. МагIарулаз кьела гьесие ракI-ракIалъулаб баркала гьанжелъагIан газета бачаралъухъ, цадахъ хIалтIарал гьалмагъзабазеги кьела. Газеталъе, нилъер заманалда, нухмалъи гьабизе ккола батIияб пикруялъ, чIаголъиялъ, гьанжелъагIан гьабичIеб къагIидаялъ.*

*КIиабилеб иргаялда, нахъе ине ккола ГIарипов ХIажилгун пикру данде кколевщинав журналист. Гьел квешал рукIун гуро – гьанжелъагIан «КПСС» абураб рагIиялдаса байбихьун гурого цониги макъала хъвачIого букIун.*

*Газеталда цIикIкIинаризе ккола гIолохъаби. Газеталъул редакция гьабсагIат цIияб цIаралъе ургъулеб буго, амма дун хIинкъун вуго «БагIараб байрахъги» нахъе бахъун «БилбагIараб байрахъ» лъечIониян – букIаралдаса квеш гьабизе лъала нилъеда.*

*Цоги, тIарамагъадисеб. Газета кьучIдасанго хисизе ккани, кваригIуна гьунар. Амма гьеб Аллагьас кьолеб жо бугоха».*

ГIарипов магIарул газеталъул нухмалъудаса нахъе ана жиндиего бокьун, 62 сонил ригьалда. ХIалтIи бажаричIого гуро, бетIерав редакторасул хъулухъ бокьарал цIикIкIунел рукIин бичIчIун, заманалда рекъон гьарудизе гьезие ресги кьун. Редактор хисаниги, цIар хисаниги, рази вукIинчIо ГъалбацIов казияталдаса. Гьесулъ букIана гьалдолеб гьунар. Гьеб «гьалдей» «ХIакъикъаталъул» нухмалъулезе хIажатго гьечIин рикIкIунаан ГъалбацIовас гурebги. Амма абизе кIоларо гьунаралъе рорженгьаниб кьолебго букIинчIиланги. Гъурщал дагъал ругониги, гьоболги гIемераб, гIумруги гьалдолеб заман гIезегIан букIана редакциялда.

### Квешлъи рекIелъ цIуничIо

ТIадруссинин ГIариповасде. Жиндир гIакъиллъиялъ, сабруялъ, цокIалаб магIнаяб гIамалалъ гIадамазда гьоркьоб къадру-къимат щулалъарав чи вукIана гьев. Лъаларев рекIеда ватизавун, гIолилазе малъахъваял гьарулев вукIунаан ХIажи хIалхьиялде ун хадувги.

ГIарипов хисун, Камалов редакторлъун вачIарал къояз гьадин хъвалеб буго газеталда мунагьал чураяв МухIамад-султIан Шахтамановас:

*«ЛъугIана цIияв редактор вищиялъул данделъи. Киналго рази руго-ан дагIба-хабар ккечIого, ракълилаб куцалда, берцинго гьеб иналдасаги тIадецуй гьабичIого коллективалъе вокьарав гьалмагъ вищизе учредителаз рес кьеялдасаги.*

*ЦIияв редакторлъун ккарав Камалов ГIалида ракI-ракIалъгоги баркун, киналго къватIире рахъана, гIемерал соназ редакциялъе нухмалъи гьабурав ХIажи ГIарипов хIурматалда тIовитIизе.*

*«Комсомолец Дагестана» газеталъул редакторлъунги, Гостелерадиокомитеталъул председателасул заместительлъунги хIалтIарав, гIурус мацIалда хъвадарулев ГIарипов тIоцеве «БагIараб байрахъалде» вачIараб мехалда ракIалде ккола**а**н, хIатта нахъасан цо-цо рагIицин рехулаан, гьанже магIарул газеталъул редакторасда магIарул мацI малъизе ккелилан. Амма, ниж рекIеда ратилалдего бихьана, гьеб рахъалъги гьесда бокьарасе «дарс» кьезе кIолеб букIин.*

*ХI. ГIариповасул хасияталъул гьеб къвакIиги, рагIи бадибе абулеб къагIидаги, тIоцебесеб иргаялда жиндехунго хадуб цогидаздехун бугеб тIалабчилъиги цо-цо гьеб лъикI бичIчIуларез гьесул согIлъилъун толеб букIана. «Гьуинав» вукIинчIо гьев щибаб кьоялъ цадахъ газета гьабизе кколев жавабияв секретарь - диеги.*

*Амма дида бищунго ХIажил бихьинаблъун бихьараб хасият, гьес киданиги жиндие гьабураб квешлъи рекIелъ цIуничIо ва рецIел босизе лъугьинчIо. РухIдаллъулаан гьесул сабруялдаги цо хIал ккун чIеялдаги. Критикаялъул бералдалъун ралагьани, ХIажилги жеги гIезегIан гIунгутIаби рукIана. Гьевги инсан вугелъул. Амма сахаватав, намус-яхI бугев, хIалихьалъи рекIелъе биччаларев магIарулав гьев вукIин киназего хIакъаб жо букIана».*

### Къокъаб каламалъул гIакъилав инсан

Дагъистаналъул халкъияв хъвадарухъана МухIамад ГIабдулхIалимовас «Гъудуллъи» журналалда бахъараб макъалаялда гьадин ракIалдещвезавулев вуго ХIажи ГIарипов:

«Гьев вукIана гъваридаб лъаялъул, къокъаб каламалъул гIакъилав инсан. Я хIалтIулъ, я щивгIаги чиясда аскIоб жинде кинабгIаги гIайиб ккезе биччангутIизе яхI бахъулаан гьес. Гьеб букIана гьесул кIудияб бахIарчилъи.

Халатал, чIамучIал макъалаби газеталда лъезе толароан. Гьес гьел авторазухъе цо чанго нухалда тIадруссинарулаан: «Цоги нухалда цIале», «кIвар кьун цIале» - янги абун.

Узухъда, гьеб гьесие бигьаго букIинчIо. Гьес рикIкIунаан редакциялъул киналго хIалтIухъаби, живго гIадин, жавабчилъиялда хIалтIизе кколин абун.

ГIарипов ХIажи вукIинчIо политикаялда гьоркьове лъугьунев, гIадамазул пикру хIабургъинабулев хIаракатчи. Амма, бальголъи лъалев чиясда гIадин, цебеккунго бичIчIулаан гьесда дунялалъул политикаялъ рачунеб бакI».

Гьанжеялдаса къоло ункъо соналъ цебе хъвараб «Лъица гIезавулев президент?» абураб макъалаялда Россиялъул цIияв бетIерасул рахъалъ жиндирго пикраби гьадин загьир гьарулел руго ГIариповас:

*«КъахIиса ГьитIихIмадибир вукIана цIаларав, цIодорав чи. Гьес абулаан бицунелъухъги гIенекке, гIамалалъухъги балагьеян. Путинниеги лъикI букIинаан, улка чIунтизабуразухъ гIенекканиги, гьезул сурукъаб гIамал-хасияталда тIасан галиги тIамун, инагьдилел ругел гIадамаздехун вуссани. Гьеб мехалъ гьев лъугьинаан, олигархаз, гьезул телевидениялъ гьавурав гурев, тIолабго халкъалъ гIезавурав, Ельцинидаса тIуванго батIияв президентлъун». («ХIакъикъат» 3 февраль, 2000 сон.)*

Метерисеlъул ургъел гьабун кьолеб пикруялъул гьварилъи гуребги, ГIариповасул асарал цIалулаго бихьула бекIкIун мухIкан гьабураб болмацIалъул рагIул камиллъиги.

«Телаандай бекьичIого къали хьалебниги хур?» абураб макъалаялда редакциялде магIарухъа рачIарал кагътазул обзор гьабун бугоан ГIариповас. Гьенирго мисалал рачунел руго бачIин кьоледухъ ракьал хIалтIизарулезулги:

*«ГIемераз абулеб буго магIарухъ ругел ракьазда къадарго гурони жо бижуларин, кигIан хъулухъ гьабуниги гьез хайирги кьоларин. Умумуз абулаан «Аллагьасеги хур рак чIвараб бокьулилан», «квер ракул цIечIесул кIал нахул цIоларилан». АнцI-анцI соназ ракул горо щвечIеб хуралъ цIун кьелищ? Кьеларо.*

*КIочон толеб буго: гьеб ракьалъ хьихьун рукIана магIарулал, гьеб ракьалда хьихьун букIана, гьанже магIишатазул ва гIадамазул бугелдаса гIемерго цIикIкIараб гIи-бицIи.*

*Дир хIисабалда, магIарухъ ракьал рехун теялъе аслияб гIилла гьез бачIин кьунгутIи яги гIалхул болъоназ тунгутIи гуро. Аслияб гIилла буго пачалихъалъ магIарулал, ракьун течIого, чадидалъун хьезари. Цо-кIиго соналъ гьеб чед гьечIого хутIани, телаандай магIарулас бекьичIого цо къали хьалебниги хур? РакIчIун абизе кIола - теларон». («БагIараб байрахъ» 1988 с.)*

ГIурдаллъарал хурзаздаса, нусидаса цIикIкIун соназ архивалда сокIкIарал авар казияталъул тIогьиллъарал тIанчаздаса, къададаса балагьарал къадруял миллатцоязул суратаздаса нечараб заман буго нилъее щун.

***ПатIимат ГЬИТIИНОВА***

# Закон къабул гьабуни, хIакъикъат хисиладай?

**Дагьалъ цебе ДРялъул Миллияб политикаялъул ва диниял ишазул министерствоялда тIобитIана миллиялгун маданиял автономиязулги «Россиялъул халкъазул ассамблея» абураб пачалихъиябгун жамгIияб гIуцIиялъул Дагъистаналда бугеб регионалияб отделениялъул правлениялъул вакилзабазулги дандчIвай. Тадбир нухда бачана рехсараб министерствоялъул нухмалъулев Энрик Муслимовас.**

**2023 соналда Ассамблеялъул Дагъистаналъул отделениялъ гьабураб хIалтIул хIакъалъулъ бицана гьелъул председатель Зикрула Ильясовас. Гьесул кIалъаялда тIасан пикраби загьир гьарулаго, гIахьалчагIаз борхана «Дагъистаналъул халкъазул мацIазул хIакъалъулъ» абураб республикаялъулаб закон къабул гьабиялъул масъала.**



Авар мацIалъул диктанталда

## ХIажат буго мацIазул хIакъалъулъ къанун

«Дидойцы» абураб миллиябгун маданияб автономиялъул нухмалъулев МухIамадрасул АсхIабовас бицана рахьдал, ай цезазул мацI школалда малъиялъе автономиялъ гьабураб хIалтIул хIакъалъулъ. «Нижеца хIадурана байбихьул классазе цез мацIалъул букварь. Руго гьеб мацIалда асарал хъвалел гIадамалги: басмаялде бахъана 50-ниги авторасул асар гъорлъ бугеб мажмугI. Буго цез ва гIурус мацIазда бахъараб маргъабазул тIехь. Автономиялъ хIаракат бахъулеб буго нижерго мацI школалда малъиялъе къучI хIадуризе. Амма квекIенлъун ккола буго «Дагъистаналъул халкъазул мацIазул хIакъалъулъ» закон къабул гьабунгутIи», - ян бицана гьес.

Гьайгьай, расги бигьаяб иш гуро Дагъистаналда бугеб щибаб халкъалъе хъвай-хъвагIай гIуцIиги гьезул мацI школалда малъиги. Баккулеб буго гьадинаб суалги: щибаб халкъалъейищ хIажат бугеб жиндирго мацI, лугъат школалда малъизе? Ратила гьеб хIажат гьечIин абулелги, амма халкъалъул вакилзабаз гьединаб масъала цебелъолеб бугони, гьезул мурад тIубазабизе квербакъизе ккела. Гьедин гурищ совет улка биххун хадуб агъулазегун цIахуразе хъвай-хъвагIай гIуцIараб ва гьезул мацIал школалда малъизе байбихьараб?

## Советияб школалда рахьдал мацI

«Рахьдал мацIазул хIакъалъулъ» закон республикаялда къабул гьабиялъул хIакъалъулъ цIехедал, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат, лъай къеялъул ва гIелмуялъул комитеталъул председателасул заместитель ГIабдулвахIид Лабазановас абуна:

«ХIакъаб жо, мацIалдалъунги тасдикъ гьабула халкъалъул миллияб хаслъи. МацI гьечIони, гьечIо миллатги. Гьединлъидал нижер буго чIванкъотIараб пикру: рахьдал мацI малъиялъул иш эбел-инсул цIобалде рехун тезе бегьуларо. Мекъаблъунги рикIкIуна школалда рахьдал мацI малъизе бокьун бугищин абун цIалдохъабазул эбел-инсуда цебе суал лъейго. «Бокьула-бокьуларо» абураб къагIида хIалтIизабизе бегьуларо гьеб ишалъулъ. БукIине ккола миллиял мацIал цIунииялъеги церетIезариялъеги квербакъулеб пачалихъияб пикру. Дида ракIчIун абизе кIола: бокьун бугищин гьикъулеб гIадат буго пуланаб жо къучIдасанго биххизабизе, тIагIинабизе къваригIиндал.

Закон къабул гьабиялъул рахъалъ абуни, гьеб цIидасан мухIканго цIализе ккола. Республикаялда къабул гьабулеб щибаб закон федералияб законгун рекъезабизе тIадаб буго. Гьелъги батила, мацIазул хIакъалъулъ закон къабул гьабиялъул иш нахъгIамунги хутIун бугеб. Халкъияб собраниялда кIицIул вахъана дун рахьдал мацIазде кIвар буссинабиялъул мурадгун кIалъазе.

ГьабсагIатги пачалихъалъ ресал къун руго рахьдал мацIал малъиялъе. ГIурус мацIалъулги цогидал дарсазулги ОГЭ ва ЕГЭ кьеялдеги руссун, школазго рехун толел руго нилъер мацIал. Дихъе гIемер кIалъала Дагъистаналъул тарих, география ва халкъалъул гIадатал (КТНД) школалдаса рачахъун ругилан абун. Масала, тарих малъиялъул буго гьадинаб къагIида: гIицIго рес къун буго, улкаялъул тарих малъулаго, гьебго заманалда Дагъистаналда букIараб ахIвал-хIалалъул хIакъалъулъ цо чанго минуталъ бицине. Мисалалъе, «Куликовская битва» абураб тема малъулаго, республикаялъул тарихалдасаги хIужаби рехсезе. Хасаб дарс хутIун гьечIо.

Гьединлъидал ракIалде ккола, цIидасан федералияб законги цIалун, учительзабиги, депутаталги, гIалимзабиги, жамгIиятчагIиги гIахьаллъараб дандеруссин тIобитIизе ккола. Рахьдал мацIги тарихги лъаларев чиясул унго-унгояв патриот вахъунаро! Гьеб малъизе ккола школалда, эбел-инсул ихтияр цIехечIого. Гьезда гьикъани, химиягун физика ва математикацин жидер лъималазе хIажат гьечIин абизеги рес буго. Гьединлъидал нилъер миллияб хаслъи куцалел дарсал чара гьечIого кьезе ккола школазда. Гьезул экзаменал кьезеги тIамизе ккола цIалдохъаби ва къиматги аттестаталда букIине ккола.




Коммунист партиялъул буго «Образование для всех» абураб программа. Нижер фракциялъ Думаялде ритIун руго федералияб законалда гьеб программаялде рекъонкколел хиса-басиял гьаризе кколин абураб пикру загьир гьабураб кагъат. Къабул гьарилищ гьел пикраби – лъаларо. Амма сас тун чIейги битIараблъун бихьуларо», - ян бицана ГI. Лабазановас.

Чачаналда, Ингушетиялда, Татарстаналда рахьдал мацIал малъиялде кIвар кьолин абураб мехалда, дозие бигьалъулин гьебин – цо мацI малъиялъе шартIал гIуцIизе ккколелъулхаян абун, тIаса бихьизабула гьеб масъала. Советияб хIукуматалъухъа бажарун букIана Дагъистаналда мацIал малъиялъе ресал ратизе. КIудияб гIелалда ракIалда батила, чIахIиял классаздацин рахьдал мацIалда цIали гIуцIун букIараб заман. Гьанже сунца квалквал гьабулеб бугеб?

## Квалквалалъе батараб хъизам

Квалквал гьабулеб буго хъизамалъул бербалагьиялъ. Школалдаги лъималазул ахалдаги лъимадуе бигьалъи букIинин абун, эбел-инсуца гьелъие бицуна гIурус мацI. Телевизоралдасанги телефоналдасанги лъимералда рагIула гIурус мацI. Ва школалда рахьдал мацIалъул дарсида учитель хIажатавлъун кколев вуго гIурус мацIалде таржама гьабиялдалъун цIалдохъабазда гьеб малъизе. ГIакълуялъги напсалъги кинго къабул гьабуларо гьеб хIакъикъат. «Руго Дагъистаналда жидерго мацIги адабиятги цIуниялде цIикIкIун кIвар кьолел миллаталги. Дица кидаго мисалалъе бачуна лезгиял. Гьез кутакалда хIаракат бахъула рахьдал мацI цIуниялъе. МагIарулаз гьабуларо гьеб. Миллияб мацI малъи захIмалъизе бегьула шагьаралъул школазда – батIи-батIиял халкъазул вакилзаби гIемерал бакIазда. Амма магIарулаз гурони гIумру гьабулареб росулъ щай захIмалъизе кколеб рахьдал мацI малъизе?» - ян суал лъуна депутатас.

ХIакъикъаталдаги, росабалъ руго цо сменаялда хIалтIулел школал. Классазда руго дагьал цIалдохъаби. Пачалихъалъ хIадурун буго чанго цIалул план. Гьезда гьоркьоб – лъабгониги цIалул план буго рахьдал мацIалъул къучIалда цIали гIуцIизе рес кьолеб. Школалъул нухмалъулесги, учредительлъун кколев бакIалъул администрациялъги, ай бегавулас ва къайимчагIазул советалъги (Родительский комитет) гьабураб хIукму ккола школалда цIалул план хIалтIизабиялъе къучIлъун. ВатIан бокьулел, халкъалъе гIоло хIалтIулел бакIалъул нухмалъулел ругони, кинабгIаги квалквал букIунаро рахьдал мацI малъиялъе. Гьединабго пикру загьир гьабуна дагьалъ цебе МахIачхъалаялъул №57 школалда тIобитIараб дандеялъиялда ДРялъул лъай кьеялъул министрасул тIоцеесей заместитель Аида ТIалхIатовалъги. «Нижеца хIаракат бахъула рахьдал мацIалде цIикIкIун кIвар кьолеб цIалул план тIаса бищеян директорзабазда бичIчIизабизе», - ян абуна гьелъ.

БетIергьанас нигIматлъун кьураб рахьдал мацIалдаса инкар гьабиялъ нилъ лъикIалде рачунареблъи бичIчIизе заман щун буго.

*Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА*

# Эркенлъиялъул цIагун вачIарав

## Исана 142 сон тIубала МахIач Дахадаев гьавуралдаса

**МахIач (МухIамадгIали) Дахадаев гьавуна 1882 соналъул 2 апрелалда Авар округалъул Унсоколо росулъ.**

**ГьитIинго эменги хун, эбелги цойги чиясе росасе ун хутIарав МахIачил лъимерлъи захIматаб букIана. ЧIиркъатIа гIумру гьабун вукIарав бесдал эмен МухIамадсултIание ва эбел ХIурияе ансадерица ва чIиркъатIисез бадибчIвай гьабула тIалаб-агъаз гьабичIого МахIач рехун тунилан. Гьеб мехалда МухIамадсултIаница лъай-хъваялдалъун МахIач цIализе кьола Хунзахъ рагьун букIараб цо классалъулаб гIурус школалде. ЛъикIал къиматаздалъун школа лъугIарав, цIализе гьунар бугев МахIач, школалъул нухмалъиялъул бихьизабиялда рекъон, цIализе кьола Темир-Хан-Шураве, реалияб училищеялде.**

Училищеялда цIалулаго, щулалъана МахIачилъ вукIинесев революционерасул, мискинхалкъалъул цевехъанасул, къеркьохъанасул хасият. Гьесда бихьулеб букIана ритIухълъи гьечIеб замана, гIуцIи, мискиназда ва бечедазда гьоркьоб бугеб рикьи.

1900 соналда 18 сон барав МахIач уна Петербургалде ва цIализе лъугьуна император Александр тIоцевесесул Петербургалъул нухазул инженеразул институталде. Институталда гьесул гьудуллъи ккола студентазул революциялъулаб хIаракатчилъиялъул нухмалъулезул цояв С. Марковасулгун, гIахьаллъи гьабула социал-демократазул багъа-бачариялъулъ ва тIоцебесеб гIурусазул революциялда.

Лъабго соналъ институталдаги цIалун, отпускги босун, Дагъистаналде тIадвуссарав МахIач Темир-Хан-Шураялда социал-демократалгун цолъун революциялъулаб хIалтIуда гъорлъе жувала. Темир-Хан-Шураялда, жиндирго гIагараб Унсоколо ва цогидалги росабалъ цеве вахъуна мискинхалкъалъул рахъ ккун, ракьалги рохьалги бечедал чагIазухъа рахъун халкъалъухъе кьезе ккеялъул бицун, тIиритIизарула власталда дандечIарал листовкаби.

Гьелъие гIоло 1906 соналда МахIач жанив тIамула. 1907 соналда эркен гьавула 1908 соналде щвезегIан Россия тун къватIиве ине ккейги тIадаблъун гьабун. МахIачин абуни 1907 соналда Петербургалде вачIана ва гьесухъа бажарана гьоркьоб хутIун букIараб цIали гьабизе институталде лъугьине. 1909 соналда цIалиги лъугIун диплом кодобе щварав Дахадаев 1915 соналде щвезегIан хIалтIана Армавир-Туапсеялъул маххул нухда бетIерав инженерасул заместительлъун.

1915 соналъул маялда М. Дахадаев Петербургалде тIадвуссана. ХIалтIизе лъугьана Карелиялъулгун Мурманскиялъул махххул нухлул управлениялде. Кив хIалтIулев вугониги, пачаясул полициялъ гьесда хадуб балъгояб хъаравуллъи чIезабун букIана. Петербургалъул охранкияб отделениялъул хъаравуллъиялда ругел, хIукуматалъе хIинкъи бугел, божи гьечIел чагIазул сияхIалда М. Дахадаев вукIана 10-абилеб номералда гъоркь, «ЧIегIерав» («Черный») абураб тIокIцIаргун. Гьеб сияхIалда рукIана В. Ленин, И. Сталин, М. Ульянова, М. Калинин – кинавниги 4315 чи.

Петербургалда МахIачица ячана имам Шамилил вас МухIамадшапигIил ва гьесул чIужу Казаналдаса татарай Марям Бану-Ханумил яс ПатIимат-Загьра. Гьел ратIалъана, заманго балалде.

1916 соналда МахIачица ячана гьелъул гьитIинай яц Написат. Гьебго соналъ Дагъистаналъул губернаторасул изнуги щун, хъизангун цадахъ МахIач Дагъистаналде тIадвуссана. Гьезие гьавун вукIана цо вас – ГIадил.



МахIач Дахадаев, МухIамадшапигIил чIужу Марям ханумгун гьелъул ясал ПатIимат-Загьрагун ва Написатгун

Россиялда Февралалъулаб буржуазиябгун демократияб революция бергьин Дагъистаналда рохалида кьабул гьабуна. МахIачил цебехъанлъиялда гIуцIула Дагъистаналъул социалистазул группа. Гьелъ кIудияб бутIа лъуна большевиказул революциялъулаб миллиябгун эркенлъиялъул багъа-бачариялъулъ. М. Дахадаев вукIана бищун халкъалда гьоркьов машгьурав революционерлъун. Гьев вукIана гьунар бугев журналист, публицист, оратор, гIуцIарухъан, халкъияв трибун, захIматхалкъалъул талихIаб букIинеселъе гIоло къеркьохъан.

М. Дахадаевас кIвар кьолеб букIана гIадатияб халкъалда бугеб ахIвал-хIал бичIчIизабиялде, самодержавиялде ва буржуазиялде данде къеркьезе гьел рахъинариялде, Дагъистаналда Советияб власть гIуцIиялде. Гьеб мурадалда 1917 соналъул 3 апрелалда Темир-Хан-Шураб М.-М. Мавраевасул литотипографиялда къватIибе биччана авар мацIалда «Заман» абураб газета. Газеталъул издательлъун МахIачица лъади Написат йихьизаюн йикIаниги, гьелъул хIакъикъияв редакторлъун ва издательлъун вукIана гьев. Гьеб букIана жиндасан тарих байбихьулеб магIарул мацIалда бахъулеб тIоцебесеб газета. Хадуб «Заман» бахъизе байбихьана гIурус ва лъарагI мацIаздаги.

1917 соналъул ноябралда Порт-Петровскиялда Советияб власть бергьун хадуб М. Дахадаев вищула Дагъистан областалъул рагъулабгун революциялъулаб комитеталъул председателасул заместительлъун, Дагъистан областалъул хIалтIухъабазул, рекьарухъабазул ва багIарармиялъул депутатазул Советалъул исполнительнияб комитеталъул председателасул заместительлъун ва Дагъистаналъул тIоцевесев рагъулав комиссарлъун.

М. Дахадаевасул революциялъулаб хIаракатчилъиялъул хIакъалъулъ Кавказалъул рахъалъ РСФСРалъул Совнаркомалъул чрезвычайнияв комиссар С. Шаумяница лъазабуна В. Ленинида, гьесие тIадегIанаб къимат кьолаан С. Кировас, С. Орджоникидзеца, гьев лъалаан И. Сталинида ва улкаялъул революциялъулал церехъабазда.

1918 соналъул сентябрь моцIалда контрреволюциялъ заманалъ Дагъистаналда Советияб власть тIаса рехула, ва гьез байбихьула Совет власталъул церехъаби ккезе ва тIагIинаризе. Революциялъул церехъаби хIажаталлъун ккана рахчахьван чIезе. МахIач Дахадаевас хIукму гьабула контрреволюциялде данде къеркьезе къуватал ракIаризе росабалъе ине.

Жасусаздаса гьеб лъарав НухIбег Тарковскияс полковник Бичераховасда амру гьабула МахIач ккезе ва гьеб бакIалдаго чIвазе. МахIач ккезе мурадалда 13 бакIалда гъоркьчIел гьабун гIададамал тун рукIана.

Гьеб мурадалда Н. Тарковскияс МахIач ккезе ва чIвазе тIадкъана ТIасажунгуталдаса юнкер ХIажи ХIасановасда. Гьев ккуразе ва чIваразе МахIачихъ бугеб гIарацги тезе бугилан лъазабун букIана Н. Тарковскияс. Гьезда жасусаз бицун лъалеб букIуна революциялъул ишазе хIалтIизабизе МахIачихъ гIезегIанго гIарац букIинги.

МахIачида цадахъ вукIана кIиго гьалмагъги – Гъоркьажунгуталдаса Жамав Дадаев ва ЦIобокьа Пахрудин Мажидов.

Гъоркьажунгуталдаса Гъадаралде, Дургъелибе бугеб нухда гъоркьчIел гьабун рукIарал ХIажи ХIасановасги ва 15 гьесул гьалмагъасги МахIач ккола. Гьесухъа бахъараб револьвер Кольтги кIицIулго ботIролъ речIчIун чIвала МахIач ва инжит гьабула жаназа. Лъебералда анлъго сон букIана гьесул гIумруялъул. Таманчадул малъичIого, анцIила цо гулил ругъун букIуна гьесул черхалда. Гьесул меседил цаби рахъизелъун тIаса кIал дагIа гьабун батана. ГIемер заман бала эбел ХIурияда вас ватIавахъизе лъаларого.

Гьелдаса заман иналде МахIач чIварав юнкер хъулухъ гьабулеб полкалда гьекъолдун, гьалмагъир гьабун, Темир-Хан-Шураялъул туснахъалде ккола. Гьенир жанир тIамун рукIарал, революциялъул рахъ кколез хадуб халги кьун, хIамамалде чвердезе араб бакIалда гьев гьанкъула ва бетIерахун рахъалъ бухIараб лъелъе рехула. Гьведуе гьойдул хвел абун рохула гIемерисел.

МахIач чIваялъул хIакъалъулъ РСФСРалъул Совнаркомалъул югалъулабгун бакъбаккулаб Россиялъул чрезвычайнияв комиссар С. Орджоникидзеца Владикавказалдаса В. Ленинихъе битIараб телеграммаялда хъвалеб буго:

«Бичераховасулгун Тарковскиясул офицерзабазул бандаялъ вахIшияб къагIидаялъ гIакъуба кьун чIван вуго цIакъго машгьурав Дагъистаналъул советияв хIалтIухъан, инженер Дахадаев. Социалистияб Дагъистаналъе кIудияб ками ккана», - абун.

Советияб власть Дагъистаналда цIидасан щула гьабун хадуб, 1921 соналъул 14 маялда Дагъревкомалъул буюрухъалдалъун Петровск шагьаралъе кьуна МахIач Дахадаевасул цIар ва гьеб гьабуна Дагъистаналъул тахшагьарлъун.

1971 соналда МахIачхъалаялда вокзалалъул майданалда рагьана чода рекIарав МахIачие памятник. МахIачил цIар кьуна тахшагьаралъе гуребги, республикаялъул цогидал шагьаразулгун райцентразул къватIазе, школазе, Унсоколо художествиял тIагIелал гьарулеб фабрикаялъе. МахIач Дахадаевасул цIар кьураб буго республикаялъул Дахадаев район.

Гьединго МахIачил цIаралда буго Дахадаевка росу – Хъумторхъала районалда бугеб, цебе Преображенское абулаан.

- МахIачкент – Гъизляр районалда букIараб росу. Гьанже Новый Бирюзак росдада гьоркьоб бугеб.

*Пайзула ПАЙЗУЛАЕВ*

# Расул рази вукIана академиялдаса

## Россиялъул поэзиялъул академиялъул филиал Северияб Кавказалда рагьаралдаса тIубана 20 сон

**2001 соналда дун хIалтIулев вукIана Расул ХIамзатовасул кумекчилъун. Гьелде щвезегIанго РФялъул Хъвадарухъабазул союзалъул секретарьлъун вукIарав, хадув Россиялъул поэзиялъул академиялъул президентлъун вищарав, улкаялъул президентасул премиялъеги Гъудуллъиялъул орденалъеги мустахIикълъарав В. Устиновас Расулихъе чанго нухалда ахIун бачIун букIана поэзиялъул академиялъ гьаризе ругел ишазул бицун. Ва гьелдаго цадахъ Устиновас бицана жив кIалъанин Северияб Кавказалъул бищунго лъикIал поэталгун, ва гьезги абунин поэзиялъул академия гIуцIи лъикIаб иш бугин. Гьелдаго цадахъ рагIиги къунин бажарараб кумек гьабизе. Гьеб заманалда Устиновас халкъияв шагIирасухъе битIун бачIана поэзиялъул академиялъул редколлегиялъ хIадур гьабураб, Россиялда ва къватIисел пачалихъазда гIумру гьабун ругел гIурус мацIалда жидерго асарал хъвалел шагIирзабазул кучIдул рахъараб поэзиялъул альманахалъул тIоцебесеб номерги. Гьелдаса хадуб гIемер заман иналдего Расул ана Москваялде, Барвихалда бугеб сахлъи цIунулеб централде. Больницаялда вегун вугеб мехалдаги, сахлъи лъикI гьечIониги, творчествоялъул бицун Расул телефоналдасан кIалъалаан жиндирго гьудулзаби-хъвадарухъабазухъе.**



**МухIамад НАСРУЛАЕВ, Северияб Кавказалда бугеб поэзиялъул академиялъул нухмалъулев**

Цо къоялъ гьес дида абуна, жиндие бокьилаанила Карповасухъегун Устиновасухъе кIалъазе. Карпов вукIана Хъвадарухъабазул союзалъул тIоцевесев секретарь, гьединго, КIудияб ВатIанияб рагъулъ бихьизабараб багьадурлъиялъе гIоло БахIарчиясул цIар щварав инсан, чамалиго тIехьалъул автор. Телефоналъул номерги балагьун, ахIана Карповасухъе ва Расулихъе трубка кьуна. Гьебго къоялъ Устиновасухъеги ахIун, гьевгунги кIалъан хадуб Расулица дида абуна, метер Устинов жинхъе вачIине вугин, гьесие пропуск хIадур гьабеян. Цинги дица Расулида абуна:

- *Метер духъе Лужковасул заместительги, ШихсагIидовги, дол соназда Пачалихъияб Думаялъул депутатлъун вукIарав Билаловги, Михалковасул заместитель Шавкатги рачIине ккола,* - ян.

Гьедин абидал, Расулица абуна Шавкатида сезе вачIаян абеян, хутIаралгун дандчIвазе хIажатабщинаб хIадур гьабеян.

Барвихалда бугеб президентасулабин цIар лъураб сахлъи цIуниялъул централда кьварараб гIадлу-низам букIана. Гьенир регун ругел унтаразухъе рачIунезулги цIех-рех гьабулаан.

Билаловги ШихсагIидовги, къалъилалдего рачIун, хехго ана. Гьел ун гIемер заман иналде, Москваялъул мэрлъун вукIарав Лужковасул заместитель, парламенталъул депутат Швецоваги, гьелда цадахъ цоги чиги рачIун, Верховный Советалъул депутаталлъун ругеб мехалда ккаратаралъул бицун гIезегIан мех бана.

Гьей ун хадуб гьелъулгун ккарал цоцо лъугьа-бахъиназулги бицана Расулица. Гьеб мехалда тIаде вачIана Устиновги. Гьес цадахъ росун рачIана жиндирго тIахьалги. Хадуб поэзиялъул академиялъул президентас Расулие бицана гьеб цIияб идараялъ гIемермиллатазул Россиялъулги СНГялъулги поэзия халкъазда гьоркьоб тIибитIизабиялда хурхун гьаризе ругел хIалтIабазул хIакъалъулъ. Гьелдаго цадахъ Устиновас Расулида абуна дур гьудулзабазеги жиндиеги цIакъ бокьилаанила мунги поэзиялъул академиялъул президиумалъул членлъун вукIине. Гьелъул членазул сияхIалда гьорлъ рукIана бищунго мустахIикъал поэталги, машгьурал идарабазул бутIрулги, ай улкаялъул къватIисел ишазул министр Лавровасде гIунтIун. Лавровасул бицен ккедал, Устиновас рихьизаруна гьес хъварал кучIдулги.

Гьанибго абила, «ХIакъикъат» газиталдаги бахъун букIана машгьурав министрасул авар мацIалде буссинабураб шигIру.

Гьелдаго цадахъ Устиновас бицана Россиялъул регионаздаги филиалал гIуцIизе хIукму букIиналъул хIакъалъулъ. Гьес бицунелъухъги гIенеккун, Расулица абуна:

**- Дунги разияв вуго Къайсинги, Кугультиновги, Гуртуевги, Кузнецовги, Солоухинги, Ахмадулинаги, Куняевги, Дронинаги ругеб сияхIалда вукIине,** - ян.

Гьебго къоялъ хIукму ккана, Печаталъулги Культураялъулги министерствабиги Хъвадарухъабазул союзалги гIахьаллъун, Дагъистаналда поэзиялъул къоял тIоритIизе. ТIоцере гьединал къоял тIоритIун рукIана Магнитогорскиялда. Гьеб пикруялдаги Расул разилъана. Гьенибго гьес абуна, жив МухIамадгIалидаги кIалъалин, байрам букIине кколеб даражаялда тIобитIизе хIажатабщинаб гьабеян абун.

Устиновасда цебесан Расулица ахIана Дзасоховасухъегун Коковасухъе, ай Северияб Осетиялъулгун Кабардино-Балкариялъул бутIрузухъе. Гьездаги абуна академиялъеги гьелъ къватIибе биччалеб альманахалъеги кIвараб кумек гьабеян. Гьеб дандчIваялъул гIемер бицунаан доб дуниялалде арав бицун ритIухъавги, гIадатиявги ва лъикIаздасан цоявлъунги рикIкIунев поэт Устиновас.



**Кавказалъул хъвадарухъаби-шагIирзаби**

> Устиновасда цебесан Расулица ахIана Дзасоховасухъегун Коковасухъе, ай Северияб Осетиялъулгун Кабардино-Балкариялъул бутIрузухъе. Гьездаги абуна академиялъеги гьелъ къватIибе биччалеб альманахалъеги кIвараб кумек гьабеян.

Гьебго соналъ риидал Дагъистаналде бачIараб хъвадарухъабазул делегациялда цадахъ Устиновги вукIана. Гьес киса-кирго рукIарал дандчIваяздаги бицана цIияб идараялъулги ХIамзатовасулгун букIараб хабаралъулги, хадусеб соналда поэзиялъул байрам МахIачхъалаялда тIобитIизе букIиналъулги хIакъалъулъ.

2003 соналда гьабизе кколаан гьеб. Амма мунагьал чураяв Расулие Аллагьасул къадарги щун, рехсараб байрамги цо пакъираб къавмалъул баркаталдалъун гьабичIого хутIана. Гьелдаса хадуб лъабго сон индал, ай 2006 соналда, Устинов, жиндирго вас - литературияб институталъул преподавательлъун ва «Дом Ростовых» журналалъул бетIерав редакторасул заместительлъун хIалтIулев хъвадарухъан ва публицист Д. Устиновгун МахIачхъалаялде вачIана. Мурад букIана Расул чIаго вукIаго, гьесда дандги бан, Северияб Кавказалда рагьараб поэзиялъул академиялъул филиалалъул презентация гьаби. Гьеб гьабуна гьанже Расулил цIаралда бугеб библиотекаялдаги, киналго казиятазул вакилзабиги гIахьаллъун, «Дагъправда» казияталъул редакциялдаги.

Библиотекаялда букIараб дандельиялда цIияб гIуцIиялъе лъикIаб къимат кьуна К. Абуковас, Б. МухIамадовас, А. Джачаевас, Н. Тузовалъ, А. Кардашовас, С. Шилдовалъ, М. ГIисаевас, М. Хириясулаевас, М. МухIамадовас, А. МухIамадовас. Академиялъул президент дандчIвана Пачалихъияб советалъул хIалтIухъабигун, Печаталъул ва информациялъул министерствоялъул нухмалъулелгун. Гьебго соналъ бахъараб поэзиялъул академиялъул альманахалъ кIудияб бакI кьуна Дагъистаналъул поэзиялъеги. Гьаниб абичIого гIоларо, магIарулазе кинабго рахъалъ кIудияб кумек щварав Расул ХIамзатовасул фондалъул нухмалъулев ХIамзат ХIамзатовас рагIудалъунги ишаздалъунги гьеб гIуцIиялъе квалквал гьабулезда, сундухъго балагьичIого, битIараб рагIи абиялъулги, ритIухълъиялъул рахъккеялъулги хIакъалъулъ. Гьелгоцинал хIужаби рехсезе кколароан лъикIабщиналъе квалквал гьабулел чагIи рукIинчIелани.

Ахиралдаги абила, мунагьал чураяв Расул ХIамзатовас рахъккураб гьеб лъикIаб иш, рикIкIен гIемерал квалквалалги къинарун, гIумруялде бахъинабизе дие щвеялдаса дун цIакъ вохарав вугилан.

# РещтIа дир каранлъе...

РещтIа дир каранлъе, кучIдузул буран,
РекIел чIваби тIаме тIутIузе дуца.
ГIищкъуялъул пири, пирха хивалалъ,
Хвел гьечIеб рокьуца кье абе гIазаб.

Балаялъул цIаялъ цIоб тун вухIичIеб
ЛахIзат бакьан гуро ракьалда дие.
Дун къасдаз квегъизе виччай гIумруялъ,
ГIагараб ракьалъул, гIураб тIалъидул.

Лъазе тоге дида даим мутIигIлъи,
Дун къеркьезе ккола канлъуе гIоло,
Кидаго ссунареб бакъуе гIоло,
ГIумру гьаб ракьалда тIегьазе гIоло.

# Лъималазул дунялалде гьоболлъухъ

**Дунялалъулго лъимал**
**ЛъикI хутIизе, рохизе,**
**Щибаб къо байрамлъизе,**
**Лъимерлъи нижее те!**




Араб анкьалда Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалда дандельун рукIана шагIир, гьел рагIабазул автор ГIайшат Малачиевалъул дагъаб цебегIан кьватIибе бачIараб «Лъималазул дунялалда» абураб тIехьалъул хIакъалъулъ бицине. Гьенир гIахьаллъана магIарул шагIирзаби, хъвадарухъаби, тахшагьаралъул школалъул цIалдохъаби, шагIиралъул гIагарлъи, Унсоколо районалдаса вакилзаби. Тадбир нухда бачана авар секциялъул нухмалъулев **МухIамад МухIамадовас**.

- *Авар адабияталда жиндирго хасаб лъалкI толеб буго ГIайшат Малачиевалъ. ШагIиралъул буго цIакъ берцинаб мацI. Гьеб ккола шагIирасе къваригIунел шартIазул цояб. Гьей ритIухъайлъун хутIана жидирго пагьмуялъеги гьитIинаб ватIаналъеги. Гьеб нилъеда бихьана Унсоколо росулъ тIобитIараб шагIиралъул юбилеялъулаб тадбиралда,* - ян абуна гьес.

ДРялъул Хъвадарухъабазул союзалъул правлениялъул председатель **Марина АхIмадовалъги** бицана шагIиралъул творческияб гIумруялъул хIакъалъулъ.

- *Жинцаго кучIдул хъвай гуребги, гьелъ махщалида магIарул мацIалде руссинарула цогидал миллатазул шагIирзабазул ва хъвадарухъабазул асарал. Гьел рахъун руго жакъа нилъеца бицен гьабулеб тIехьалдаги. Диргунги лъикIаб бухьен буго ГIайшатил. Дир асаралги руссинаруна гьелъ магIарул мацIалде. Цо гьадинаб гьариги буго шагIирзабазде – нужеца хIаракат бахъизе ккола нужерго асарал гIурус мацIалде руссинаризеги. Биччанте гьел гIурус мацIалдаги цIализе. Гьелъул жакъа кIудияб кIвар буго Дагъистаналъул адабияталъе,* - ян абуна гьелъ.

Гьединго **ТубхIат Зургьаловалъги** кIвар кьуна ГIайшат Малачиевалъул асаразул мацIалде.

- *Дие гIажаибаб асар гьабула ГIайшатил асаразул мацIалъ. Дица гьедин кидаго абула. Такрар гьабуна гьебго пикру Унсоколо тIобитIулеб тадбиралдаги. Жакъаги бокьун буго нужееги цIализе «Бигъараб бертин» маргьаялдаса кесек,* - иланги абун, ТубхIатица тIехь кодобе босана.

**Залму Батировалъги** кIудияб кьимат кьуна тIехьалда ругел шагIиралъул асаразе.

- *Авар адабияталда ГIайшат цIияй шагIир кколаро. Гьелъул щибаб тIехьалъ асар гьабичIого хутIуларо. Щибаб тIехьгун цадахъ нилъехъе щола цIияй шагIир жиндирго бальголъабигун ва бечедаб рухIияб дунялгун. Къисматги бигьаяб букIинчIо ГIайшатил. Амма гьелъ чаранлъун лъадарун батана мугIрул чIужугIаданалъул гIамал-хасият – гьей къуркьичIо къисматалъе. Бихьинчияс гьабулебги чIужугIаданалъ гьабулебги хIалтIи кIигъеж бан баччизе ккана ГIайшатица,* - ян бицана гьелъги.

ШагIиралда цIияб тIехь кьватIибе бачIин баркарал кIалъаял гьаруна ва тIехьалдаса гьелъул асарал цIалана **КъурбанмухIамад МухIамадовас, Манарша ГIисаевалъ, Къурбан КIулизановас, Каримулагь ГIабдулаевас, ГIалихIажи МухIамадовас** ва цогидазги.

«ХIакъикъат» газеталъул бетIерай редакторалъул заместитель **Зикрула Ильясовас** бицана магIарул шагIирзабазул асарал машгьур гьариялъе газеталъ гьабураб ва гьабулеб бугеб хIалтIул хIакъалъулъ.

- *МагIарул шагIирзабазулгун кидаго лъикIаб бухьен букIана ва буго магIарул газеталъулги. ТIоцере гьелъул гьурмаздаса рагIула цIалдолезда шагIирасул цIар. Газеталда хIалтIи гуребги, дун ккола Россиялъул халкьазул ассамблеялъул Дагъистаналда бугеб отделениялъул нухмалъулевги. Цебе гьеб букIана гIицIго жамгIияб гIуцIилъун. Гьанже ассамблея ккола пачалихъияблъун. Гьединлъидал, масала, цониги шапакъат яги цIар щвезе шагIир вихьизавулев вугони, ассамблеялъулги рес буго гьесие кумек гьабизе. Дун кидаго хIадурав вуго нужее кумекалъе,* - йилан абуна гьес.

Унго-унгоги цIакъ захIматаб пиша буго лъималазе кучIдул хъвай. Жидее къабуллъичIел кучIдул гьез цIалуларелъул. Лъималаз къабул гьаризе ккани, гьезул дунялалъул балъголъабазухъе щвезе кколел ратула. ШагIир цIидасанги тIадвуссине ккола лъимерлъиялъул дунялалде. ТIехьалда ругел асаразулъ цIалдолезда батила жийго шагIиралъул лъимерлъиялъул лахIзаталги.

Тадбиралъул хIакъалъулъ хъвараб гьитIинабго макъала лъугIизе толеб буго лъималазул цIаралдаса шагIиралъул рекIелъан бачIунеб бугеб ахIиялдалъун:



**- ЛъагIелазго цIуне ниж,**
**ГIумруялъго цIуне ниж,**
**ЦIуне къасиги къадги,**
**ЦIуне щибаб лахIзаталъ!**

## ЦIИЯБ ТIЕХЬ

# «Дида гIумру бичIчIичIо»

**Лъала - къо ккаралъуб росдал жамагIат,**
**Букъараб цо зарлъун данделъулеблъи,**
**Чилъи цIунаралльун, яхI баччаралльун**
**Регьекь сверухълъуда машгьурал рукIин.**

**ЧIухIула гьелдаса дир каранда ракI,**
**Квер нужер щивасул кьан босулелъул.**
**Вохула кидаго, росдал гIадамал,**
**Дунги нужер васлъун ватиялдаса…**




ГьитIинаб ватIаналде бугеб кIудияб рокьи загьир гьабулел гьадинал берцинал рагIабаздасан байбихьулеб буго Шамил районалъул Ракьуб росулъа Шарапудин Мусаевас «Дида гIумру бичIчIичIо» абураб жиндирго тIоцебесеб тIехь.

ТIехь тIоцебесеб бугониги, гьелъул автор вуго гIумруялъул гIураб хIалбихьи бугев, дунялалда лъугьунел лъугьа-бахъиназ рахIат хвезабурав инсан. ТIекълъиялъ ритIухълъиялда тIад босулеб бергьенлъиги, лъикIав щив, квешав щивали ватIавахъизе лъалареб гьаб заманги, гьабизе лъарасе квасльун, квине лъарасе нахлъун бугеб гьаб дунялги – гьеб киналъго авторасул пикраби хIалуцинарулел руго:

**Цебесеб кIочараб, жакъа цIакълъараб,**
**ЦIияб уммат буго гьанже гIемерлъун.**
**Риди тIаде ккараб, тIорахь гьорь ккараб**
**Гьаримаб замана буго тIаде щун…**

КучIдузул тематикаялда рекъон, тIехьалда буго анцIила цо бутIа. Гьелъие цеберагIи хъван буго Россиялъул Журналистазул союзалъул член, Дагъистаналъул гIолилазул мустахIикъав насихIатчи МухIамадрасул ГIумарасхIабовас.

Ш. Мусаевасул тIехь буго цIализе бокьулеб, рекIее асар гьабулеб ва пасихIаб мацIалда хъвараб.

## БАРКИ

# МахсутIил каранда – ХIамзатовасул медаль



Гьал къоязда Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул правлениялъул председатель Марина АхIмадова, Расул ХIамзатовасул фондалъул директор СалихIат ХIамзатова ва авар секциялъул нухмалъулев МухIамад МухIамадов щвана шагIир, гIемерал соназ Хъвадарухъабазул союзалъул секретарьлъун хIалтIарав МахсутI ЗайнулгIабидовасухъе гьоболлъухъ. ШагIирасул творчествоялъул хIакъалъулъги бицун, гьез МахсутIил каранда бана Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб медаль.

М. ЗайнулгIабидовас гIемераб хIалтIи гьабуна ХIамзатил Расулил творчествоялъул хIакъалъулъ машгьурал гIадамазул пикру цIалдолезухъе щвезабизелъун. Масала, данде гьабуна ичIго том.

«ХIакъикъаталъул» коллективалъги газеталъул божарав гьудул МахсутIида баркула тIадегIанаб шапакъат. Гьарула щулияб сахлъи.

***Гьумер хIадур гьабуна***
***Шамай ХЪАЗАНБИЕВАЛЪ.***

# ЦIалдохъанасе лъикIаб бицунев хутIун вуго учитель

**Школалде учительлъун дун хIалтIизе лъугьаралдаса нахъе унеб буго 50 сон. Бокьун буго араб гIасруялдаги ва жакъасеб гIумруялдаги учителасдехун бугеб бербалагьи загьир гьабизе.**



Советияб заманалда учителасул къиматги, къадруги ва гьесул гьабулеб тIалабги тIадегIанаб даражаялда букIана. Гьесие гьарулел социалиял бигьалъабиги рукIана. Масала, чIобого кьолаан бухIизе цIулги тIурччиги. Гьебги щивасул кIалтIе щвезабулаан. МухIу ГIалиев президентлъун вугеб заманалда учителасе, кигIан бухIаниги, ток чIобого букIана. Гьанже абуни учителасе коммуналиял хIажалъабазе моцIалъе кьола 1300 гъурущ. Харжал абуни, цIакъго мукъсанал руго. ГIумру гьабиялъе хIажатаб гIарцул роцен цIикIкIинабуна, амма учителасул харжал цIикIкIинарулел гьечIо. ГIемерисел школазда завучасул хIалтIи бащдаб ставкаялде бачана, амма гьес гьабизе кколеб хIалтIи, цIикIкIун гурого, дагьлъичIо. Бащдаб ставкаялда ругел завучазе щола 14-16 азарго гъурущ. Жакъасеб ахIвал-хIалалда гьеб цIакъ мукъсанаб жо букIин хIакъаб буго.

Цебе учитель лъималазде семизе бегьулаан, хIатта гIинцин кьурулаан. Гьелъул хIасилалда цIалдохъабазул гIадлуги букIана. Жакъа цIалдохъабазул гIадлу гьечIо, гьезие гьеб гьабизе учителасул ихтиярги гьечIо. Цере цIалдохъаби учитель вугеб бакIалдаса батIияб свериги бахъун унаан. Гьеб букIана гьезие кьолеб тарбиялъул, гIадлуялъул, гьезулъ куцараб чIахIияздехун бугеб адабалъул хIасил. Гьанже абуни цIалдохъаби учителасул бадире женкIелел рукIуна. Дагьабниги кьварун рагIи абуни, цо-цо цIалдохъабаз хIинкъабицин кьола учителасе. Гьедин гьез гIарзги бахъун, хIалтIудаса нахъе аралги ратизе бегьула учительзабазда гьоркьор. Гьединал цIалдохъабазул умумулги жидерго лъималазда ва гьез гьабулеб мекъаб пишаялда тIадрекъола. Пикру гьабе, гIун бачIунеб гIелалъул жакъа гIадинаб гIадлу хвараб хьвада-чIвади, гьезда гьоркьоб кколеб дагIба-къец букIанищ советияб школалдаяли. ГIадлу буго тарбиялъул аслу.

Жакъа абуни, учитель хутIун вуго цIалдохъанасе лъикIаб бицунев. Гьелъул хIасилги нилъеда якъинго бихьулеб буго. Амма лъалеб жо буго, учитель цIалдохъанасде семуларо яги гьесие гIадлу гьабуларо гIицIго гьев битIараб тарбиялде вачин мурадалъ гурого.

Цогидаб рахъ босани, Советияб школалда рукIана цо авторасул цIалул тIахьал. Гьанже абуни, историялъул букIа, хIисабалъул, гIурус мацIалъул ва цогидал предметазул рукIа, тIахьал руго 4-5 батIияв авторасул. ЦIалул программабиги зама-заманалдасан хисизарулел руго. Дир пикруялда, цебе гIицIго мелги доскаги гурого букIинчIеб мехалъ, цIалдохъабазул лъаялъул даража тIадегIанаб букIана. Хасго ЕГЭ баккун ходуб цIалдохъанасул гIаммаб лъай боси гIодобе ккана. Жинцаго тIаса бищизе бугеб махщалие кьваригIунел предметазда тIадчIейги гьабун, цIалдохъанас рехун толел руго цогидал предметал.

Гьанже лъай босиялъе рихьизарун руго цIакъго захIматал программаби. Хасго байбихьул классазул цIалдохъабазе кьолеб буго цебе чIахIиял классазе бихьизабун букIараб материал. ЧIахIиял классазе бихьизабураб материал захIматаб буго цо-цо предметазул. Жидерго рахьдал мацI лъазабиялъе рихьизарурал сагIтал цIакъго мукъсанал руго. Масала, 4-9 классазе анкьие цо сагIат кьун буго рахьдал мацI лъазабиялъе. Цо анкьалъ литература, цогидаб анкьалъ грамматика гьабизе кколеб буго гьеб предметалъул учительзабаз. Жакъа, киналгоязде гIунтIун лъимал гIурус мацIалда гурого кIалъалареб мехалъ, бегьилаан гIурус мацIалъул сагIталги дагь гьарун, гIагараб мацI лъазабиялде кIвар кьезе. Гьеб суал цIакъ хашго тун буго.

Учителасдехун бугеб тIаса-масагояб бербалагьиялъул хIасиллъун ккола цIалдохъабаз къанагIат гурого гьеб махщел гьанже тIаса бищулеб гьечIолъи. Дун пединститутalда цIалулеб мехалда физикаялъулгун математикаялъул факультеталда нижер курсалда вукIана 150 студент. Гьанже абуни, рагIана цо группагицин хIалалъ бакIарулилан. Лъаларо, гьеб уяб жойищали. Цо-цо районазул администрациязул, учительзаби гIолел гьечIолъиялда бан, учительлъиялде цIализе лъугьаразе стипендиялда тIадеги щуазарго гъурущ кьолеб буго. Гьедин букIаниги, гьенире цIализе унел къанагIат руго. Гьеб ккола школазда учительзабазе мукъсанабго харж букIиналъул хIасил.

> Учителасдехун бугеб тIаса-масагояб бербалагьиялъул хIасиллъун ккола цIалдохъабаз къанагIат гурого гьеб махщел гьанже тIаса бищулеб гьечIолъи.

Школалда цIалдохъаби регIизе толел гьечIо жидее рихьизарурал предметазул программаялда рекъон лъай босизе. ЦIалул соналда жанир рачIуна аза-азар кагътал цIалдохъаби батIи-батIиял конкурсазда, проектазда, батIи-батIиял платформабазда ругел олимпиадабазда гIахьаллъизе кколилан абун хъварал. Кинабха кколеб гьел конкурсазулги, проектазулги, олимпиадабазулги хIасил? ГIезегIан лъикIаб ккола. Учительзабаз хIадурула цIалдохъабазе материал, щола гьезие тIоцересел бакIал. Чахъабиги цIунараб, бацIалги гIорцIараб гIадаб жо ккола.

Лъай кьеялде бугеб хашаб бербалагьиялъул хIасиллъун ккола цIалул сон лъугIараб мехалъ школалъе гIиси-бикьинаб ремонт гьабиялъе гIарцул сурсатал кьунгутIиги. Учительзабаз жидецаго росизе ккола лажбарги, гьеб бахине щеткабиги ва цогидабги. Советияб заманалда, цIалул сон лъугIидал, ремонталъе биччалаан гIарац. РукIуна цоцо школазда эбел-инсухъа ремонт гьабиялъе гIарац бакIарулеб бугилан гIарзалги. ЧIезабулеб гьечIо учителасе мелги, кагътги ва гьеб гуребги. Кьокьго абуни, бокьилаан тIадал идарабазул хIалтIухъаби учителасул захIматалъе мустахIикъаб къимат кьеялда тIад ургъизе.

*М-ХI. ХАЛИЛБЕГОВ*
*Хунзахъ районалъул МочIохъ росу*

## Пикру



Баху МУХIИДИНОВА

### Мурад щибдай?

Дагьабниги пикру гьабулев чиясда бичIчIула цере рукIарал школалги гьанже ругелги батIи-батIиял рукIин. Дица школазул минабазулги, гьениб жаниб бугеб ремонталъулги, цIиял партабазулги, интерактивиял доскабазулги гуро бицунеб бугеб. Бицунеб буго мурадалъул. Гьанже ругел школазул хIалтIул мурад щибдай? ХIатта гьанжесел школазда школайиланцин абулеб гьечIо, гьеб рагIула лъай кьеялъул учреждение.

Гьел учреждениязда хIалтIулел учительзаби, жидерго дарсазде хIадуризе ва тIадегIанаб даражаялде дарсал кьезе регIизе тун гьечIо, тIаде чвахулеб бугеб кагътил цIадалъ ва рикIкIен тун гIемерал тадбираз. Гьеб кагътил кьадар дагьлъизабейилан улкаялъул президент В. Путиница абуниги, щибго хисараб жо гьечIин абула учительзабаз. Лъида гьеб бараб бугеб, пачалихъалъул щив тушман гьелда нахъа вугевали лъазе кIоларо.

Унго-унгоги гьел учреждениязда лъугьа-бахъунебги бичIчIулел, гьелда разиги гьечIел, гьедин тани гьаб дунял бортун унеб бугеб кIкIалалъул тIинуги бихьулел бищун лъикIал учительзаби, ракI унтун, дару гьечIел унтаби ккун холел руго, яги, хIехьезего кIвечIого, нахъе унел руго. Оц хвани – гьан, гьоко бекани – цIулилан ругел, парахат, малъа-малъарабги гьабун, бакъ аги, къо аги, ян руго. Гьеб политикаялъул хIасилалда, соналдаса соналде школазда учительзаби гIоларого ахIиги буго.

Дагъистаналда бищунго нилъер ракIунтараб суал – рахьдал мацIазул ахIвал-хIалалъул бицунаго абула, школазе гьел кьваригIунищила ругел, директорзабазеги ЕГЭ кьуралдаса нахъе тIокIаб жоялъул ургъел гьечIилан.

Эбел-инсуцца гIенеккани – школалда божуницила ЕГЭ толеб, кьун гIарацгун репетиторал ккевчIони, гьеб кьунцин бажаруларилан абула. ЦIех-рех гьабидал бичIчIана, 10-11 классазда ругел цIалдохъаби, гIемерисеб мехалъ школалдецин инчIого, репетиторазухъеги хьвадун, экзаменазде хIадурлъулел рукIин. Лъай кьезе учительзабиги щолел гьечIони, тарбияги интерненталъ кьолеб бугони, рахьдал мацIги эбел-инсуца малъизе толеб бугони, ОГЭ-ЕГЭги репетиторазухъе хьвадун кьолеб бугони… Щиб гьабулеб бакIха школа-учреждение? Гьелъул мурад щиб?

## Баян

### Кагътал цIезари шартI гуро

2022 соналда, учителасул хIалтIи бигьалъизабиялъул мурадалда, хасго документал цIезариялъул рахьалъ, федералиял законазда хиса-басиял гьаруна. Гьел гIумруялде рахьинариялъул хIакъалъулъ бицана ДРялъул Лъай кьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялда тIобитIараб данделъиялда.

«Педагогазул гъуждуздаса бюрократияб хIалтIи нахъе боси ккола нормативияб тIалаб тIубазаби», - ян абуна, данделъи рагьулаго, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул лъай кьеялъул ва гIелмуялъул комитеталъул председатель Елена Павлюченкоца.

«Гьеб рахьалъ хIалтIи гьабулеб буго. Федералияб законодательствоялда рекъон ккезабуна регионалияб. Щибаб соналъ гьеб рахьалъ хIажатал тадбирал гIуцIула. Масала, учителасда тIадаб гьечIо электроннияби кагътилабги журналал цадахъ цIезаризе», - ян бицана ДРялъул Лъай кьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялъул управлениялъул начальник Шамил ГIумардибировас.

Педагогаздаса бюрократияб хIалтIи тIаса босиялъул хIакъалъулъ баянал лъун руго министерствоялъул сайталда ва рагьун буго «Горячая линия».

*Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА*

# ГIакIа бахъичIого толаро

**Нухазда пашманал лъугьа-бахъинал ккунгутIизелъун гIезегIан тадбирал гьарула ГIахьвахъ районалда. Амма гьабсагIаталда бугеб хIалалдаса рази гьечIо ОГИБДДялъул начальник, полициялъул майор ХIажи ХIажиев.**



- Нухазда хIинкъи гьечIолъи чIезабиялъе квалквал гьабулеб буго магIарухъ тротуарал, лъелазе переходал рукIунгутIиялъ, нухлулазулги автотранспорт бачунезул цоцаздехун адабхIурматалъулаб бербалагьи гьечIолъиялъ, тIадал ишаздехун жавабияз тIаса-масагояб бербалагьи гьабулеб букIиналъ, - ин бицана **ХI. ХIажиевас.** - Гьеб рахъалъ кколеб буго санагIалъи гьечIолъи, хасго ахираб заманалда гьоркьоса къотIичIого нухал къачIаялъул, цIигьариялъул хIалтIаби унел рукIиналъги.

Оперативиялгун профилактикиял тадбираз («Маршрутка», «Контроль трезвости», «Челнок», «Ремень безопасности», «Внимание - дети!», «Автобус» ва гь. ц.), комплексниял халгьабияз хIасил кьуниги, нухазда хьвадиялъул къагIидаби хвезаруралъухъ гIайибиязда тIад гьоркьиса 719 административияб протокол гьабизе ккана. Аслияб куцалда гIадлу хвезабула бецI гьарурал цIурдулгун, хIинкъи гьечIолъиялъул рачел бачIого, сапаралъ бахъине ярагьунареб транспорт хIалтIизабиялда, гьелъул гIужда хьвай-хьвагIай гьабичIолъиялда бан. ДагьаI гьечIо гьелъие гIоло жавабчилъиялде цIараз гIужда гIакIа кьунгутIиялъул хIужабиги. Масала, гьединазул къадар 40-ялде бахуна. Гьале гьоркьиса гIайибизда тIад 563300 гьурщил гIакIа къотIана. Гьелдаса 279300 гьурущ бецIунги буго. ХутIараб къадар бецIизаби мурадалда цIигьабун буго налъулазул сияхI ва гьеб кьун буго участковиял инспекторазухъе, росабазул бегавулзабазухъе, жамагIатазухъе.




Хадуб ХI. ХIажиевасе тIаде жубана жидеца жанисел ишазул отделалъул цогидал хьулухъазда цадахъ районалде законияб гуреб къагIидаялъ ярагъ, яргъилал сурсатал, кьвагьулел жал ва наркотикал, гIаракъи-чагъир бачIиналда хадубги хъаравуллъи чIезабулиланги. Лъималазе лъукъакъотIел ккунгутIиялъе кIудияб кумек гьабун буго нухазда хьвадиялъул къагIидаби лъазаризе школазда, ясли-ахакь тIоритIарал тадбираз.

Бищунго жал рохараб иш бугин ахирал соназда районалъул ракьалда абизегIанасеб куцалда гIадамазе къварилъи ккараб авария ккунгутIиянги бицана ХIажиевас.

*ХI. КУЧУЕВ*

# «ЧIагояб классика»

БежтIа росдал школалда тIобитIана «ЧIагояб классика» абураб ТIолгороссиялъул XIII къецалъул муниципалияб бутIа.

Къецалда рекъон, цIалдохъабаз пасихIго цIализе яги рекIехъе бицине ккола Россиялъул яги къватIисел улкабазул хъвадарухъабазул прозаялдалъун хъвараб асаралъул бутIа. Къецалъул муниципалияб бутIаялда гIахьаллъана 5-10 классазул 19 цIалдохъан.

Жюриялъул хIасилалда рекъон, бергьенлъиялъе мустахIикълъана Хадижат Жабуева, ГIайшат МухIамадова ва ПатIимат Дибирова. Хадижат ккола БежтIа росдал школалъул микьабилеб классалъул цIалдохъан. Гьелъ цIалана Марина Дружининалъул «Контролияб хIалтIудаса дару» абураб къисаялъул бутIа. Балакури росдал школалъул микьабилеб классалъул цIалдохъан ГI. МухIамадовалъ цIалана Чингиз Айтматовасул «Эбелалъул хур» абураб къисаялъул бутIа. Къадал росдал школалъул 10 классалъул цIалдохъан П. Дибировалъ цIалана Марина Дружининалъул «Дир гьудул супермен» абураб къисаялдаса бутIа.

Гьел лъабалго гIахьаллъизе руго республикаялъулаб конкурсалда.

*ШугIайб РАЖАБОВ,*
*БежтIа участокалъул ИМЦялъул директор*

## ПОДПИСКА - 2024

# АхIи балеб буго, цIалулеб гьечIо

**Социалиял гьиназул гьужум гучlльанагIан чучлъулеб буго халкъалъул газет-журналаздехун бербалагьи. Гьаб гIагараб заманалда жаниб гьеб хIал хисизабизе кIвейги щакаб жо буго. Гьедин букIин бихьизабула цо гьадинаб хIисабсуалалъги. Масала, Дагъистаналда буго газеталгун журналал ричулеб «Дагъпечаталъул» 60 киоск. Гьезда гьоркьоса 26-яб буго МахIачхъалаялда.**




**Гьал къоязда ниж щвана 12 киоскалде, кIалъана киоскералгун ва гьелъул хIасилалда цебечIана гьадинаб сипат-сурат.**

ТIоцебесеб. Къо бахъанагIан дагьлъулеб буго газеталгун журналал цIалулезул къадар. Мисалалъе, цо киоскалда 2-3 соналъ цебеги анкьида жаниб бичулаан 100 «Новое дело» газета. Жакъа - 10.

КIиабилеб. Нижеца гара-чIвари гьабурал киоскеразул рокъосез цIалулел гьечIо киналгIаги газетал, ай я гIурус, я миллиял мацIазда рахъулел. Жалго киоскераз кьанагIат гурони кодобецин босулеб гьечIо жидерго миллияб мацIалда биччалеб газета.

Киоскерасе буго чIезабураб харж, ай 16700 гьурущ. Гьеб харж щола газетал ричун аниги инчIониги.

Лъабабилеб. Миллиял газетазда гьоркьоб бищун цIикIкIараб тIалаб буго «ХIакъикъаталъул» ва тумазул «Илчиялъул» (гьоркьохьеб хIисабалда 5-6 газета бичулеб буго анкьида жаниб). Лезги, лъарагI ва дарги миллатазул мацIазда рахъулел газетазул 1 яги 2 экземпляр бичулеб буго. Амма руго гьезул 5-10 газеталъе подписка гьабурал киоскалги.

КигIан свераниги, киоскер-магIарулай ялагьизе гIезегIан захIмалъана. Ахир-къадги гьей ятана Сепараторазул поселокалда (ГIахьущиясул къватI) бугеб киоскалда хIалтIулей. Хунзахъ районалъул ТIануси росулъа МухIамадова ПатIиматилгун ккана къокъабго гара-чIвариги.

**- ПатIимат, чIужугIаданалда рекъараб хIалтIи бугин ккола киоскералъул пиша...**

- ГIемерал соназ дун хIалтIана «Водоканал» гIуцIиялда. Гьениса нахъе индал, аскIобго бугеб бакI букIиналъ лъугьана гьание хIалтIизе. Гьаб буго захIмалъи бихьулареб, парахатаб, дие дандекколеб ва дун разияб хIалтIи.

Нижер хIалтIул къо байбихьула радал 8-ялда ва лъугIула къаси 6-ялда. Дунял хинлъидал къаси 7 тIубазегIан чIезе ккола.

**- ТIубараб къоялъ гьаб гьитIинабго бакIалда жаний чIей расги лъикIаб махсара батиларо…**

- Къо инегIан гьаний чIезе ккей расги захIматаб масъала гуро. Амма гьаб районалда гIемер къотIизабула канлъи, гьединлъидал, киоск маххул гьабураб бугелъул, хасало дагьаб квачан букIуна. Гьаниб буго печь, ток бугеб мехалда къварилъи букIунаро. Риидал дагьаб багIарунги букIуна. Гьел гIунгутIабазда захIмалъабийиланги кинха абилел, захIмалъиялда ругелги рихьулел рукIаго.

**- Миллиял газетал росулел гIадамал щиб ригьалъул чагIи кколел?**

- ГIолохъанаб гIелалъ гьел цIехоларо, гьезухъ балагьизецин балагьуларо. Росула чIахIияб ригьалъул гIадамаз. Гьезие росизе цо-цо мехалда лъимал яги лъималазул лъимал рачIуна гьез ритIун.

Аслияб куцалда росула «ХIакъикъат» (дихъе бачIуна 12-15 экземпляр, босун уна 7-8-яб ва буго цо газеталъе гьабураб подпискаги) ва «Илчи». Рутул, цIахур мацIазда газетал ругищин абулев чицин кколаро.

ГIемер рачIуна цогидал миллиял газеталги, амма гьел росулел чагIи кьанагIат гурони рукIунаро ва гьел хутIула гьанир регун.

**- ГIурус мацIалда рахъулел газетазул ахIвал-хIал кинабха бугеб?**

- ЛъикIго уна «АиФ», «Махачкалинские известия», «Республика». ЦIакъ лъикI росула кроссвордазул сканвордал рахъарал хасал газетал.

Газетаздехун кинабгIаги гьира гьечIо гIолохъабазул, гьез (аслияб куцалда ясаз) росула кроссвордазул, модаялъул, музыкаялъул бицарал журналал.




**- Дуцаго цIалулищ газетал, масала, «ХIакъикъат»?**

- Цебе цIализего цIалулароан. Гьание хIалтIизе лъугьиндал, цIализе байбихьана «АиФ», «Собеседник», «Экспресс», «Моя семья». «ХIакъикъатги» цIалула, амма тIаса-масаго. КIалъазе лъаниги, дие дагьаб захIмалъула цIализе.

**- Нилъеца гьаб хабар бицунебгIан заманалда жаниб кIиго чи вачIана лотереязул белтал росизе. Гьединаб тIалабищ гьезул бугеб?**

- Гьаб киоскалда аслияб даран ккола лотереязул. КIиабилеб бакIалда руго сканвордалгун кроссвордал.

*ГIабаш ГIАБАШИЛОВ*

# ЦIадахIариса ГIалиамир

**Дир вуго дарги миллаталъул божарав гьудул. Гьесул гьечIо вац, руго яцал. Дирги гьечIо вац. ВукIун вуго, амма 1937 соналда хун вуго. Дирги рукIана яцал, щугоял хвана, цояй чIаго йиго.**

Дир гьудуласда цIар буго ГIалиамир. Дица гьесие махсара гьабула: «Мун ГIалиамир ватани, дун ГIалисултан вуго», - ян. Гьесулгун лъай-хъвай ккана МахIачхъалаялъул больницаялда операция гьабизе хIадурлъулаго. Дун, 8 класс лъугIарав чи, военкоматалъ витIана операция гьабизе. Гьенивго ватана ЦIадахIариса ГIалиамирги. Дир эмен АмирхIамза вукIана ЦIадахIарирги, тумазул росабалъги гIемерал минаби рарав, даргиязулги тумазулги мацIал лъалев чи.

1964 соналъул риидал ГIалиамириеги диеги операция гьабуна ЧIохъа тохтур Гъаниевас. Доб заманалда наркоз кьолароан, квералги бохдулги рухьунаан столалда, «тIеркIечIого», кьурулареб куцалда. Амма, унтиялъ, кIвечIо сихIкьотIун чIезе. «Больно!» - ян абизе лъалеб батана гIурус мацIалъ. Анлъго сагIаталъ халатбахъана операция. ГIундулги рацIцIад гьарун, кьотIкьотIун, щибго рагIулеб букIинчIев дида дагь-дагьккун рагIизе байбихьана. Гьелдаса кIудияб рохел букIиницха гьитIинав чиясе!

ГIажаибаб дунял. ГIалиамирги дунги дандчIвана кIиго соналдасан пединститутталда, цадахъ цIалун гьебги лъугIана. ГIажаиблъи, 2022 соналда дун ккана Ветераназул больницаялде. Гьенивги дандчIвана ГIалиамир. Цо палатаялда рукIана ниж, операция гьабун хадур. Халатаб кIалъайги цIех-рехги букIана нижер, хабар-кIалалъе заманги букIаралъулха. Гьес гьикъана: «Лъимал ругищ?» - ан. «Руго, лъабго вас вуго дир», - ан абуна дица. «Дур лъабго ватани, дир щуго вуго», - ян абуна гьес. ТIадеги жубана: «Дур лъабго вас вугеблъиялда дун божула – дур хъахIал расазухъ балагьун. Гьел расал «хъахIлъизаризе» кумек гьабула васаз», - илан. Досул расал тIуранго хъахIлъун ругоан. ГIалиамирица бицана расал хъахIлъизаризе васаз гьабураб «кумекалъул», хасго бищун кIудияс, инсул цIар лъурав АмиргIалица.

Жидеца гьикъа-бакъун, цIалулел студентазда цIехон, ракIалде ккантила мединститутталда цIалулей, Гъуниб школа лъугIарай, магIарулай васасе ячине, гьей цIалун лъугIидал. Эбел-эменги кьадруял чагIи рукIанила гьелъул. Лъабго соналъ хьвадантила живги чIужуги гьей ясалъул эбел-инсухъе, васасулгун лъайхъвайги гьабунила, кинабго лъикI бугин вукIанила жив.

Амма цо кьоялъ вас вачIанила, жинца гьей яс ячунарин, гьелъ багьанаби ратулел ругин, бертин гьабичIого хутIизе. «Дица абуна гьелда: «Сахлъи цIуниялъул министрлъун яхьиндал, дида лъазабе, цинги гьабила бертин», - ан абун, васас хабар кьотIизабуна. Амма дир расал хъахIлъана, гьей ясалъул батараб гIамал-хаситалъ. ВукIун вуго гьелъие рекIее гIолев цогидав вас. Гьев чIван вуго наркоманаз: тира-сверизе арал гьал кIиялго наркоманазде тIаде ккун руго.

Яс лъутун йорчIун йиго. Наркоманал туснахъалда лъун руго. Доб лъабго соналда жаниб гьей ясалъулги, эбелалъулги «кIигьумерчилъиялъ» хъахIлъизе байбихьана дир расал. «Абизе ккеларищ, нужерго васасе чIужу ячеян. Гьей яс ва гьелъул эбел-эмен хутIана нижее рагIадаллъун», - ан бицана гьудулас.

КIудияв васасулги ракI лъукъиларищ гьелдаса хадуб... Жиндир ракI рекъарай чIужуги ячана гьес, лъималги руго, лъикIаб хIалтIиги буго.



«Дун тIокIалъ васазе рекъонкколей яс ялагьизе лъугьинчIо. Йихьизае дуе йокьарай яс - ячине йиго ян абуна васасда. ЛъабцIул ана дунги хьизанги яс гьаризе, васги разилъун. Цо-кIиго моцI унаан, цо-цо багьанаги батун, холаан ясалъул эбел-инсулгун гьабураб кьотIи-къай. Иман бугел чагIи рукIана гьел, «рагIадал» рукIинчIо.

Дица гьикъана: «ГьитIинав Расулица щибха гьабураб, расал тIуранго хъахIлъизе?» - ян. ГIалиамирица бицана: «Дун тIокIалъ васазе рекъонкколей яс ялагьизе лъугьинчIо. Йихьизае дуе йокьарай яс - ячине йигоян абуна васасда. ЛъабцIул ана дунги хьизанги яс гьаризе, васги разилъун. Цо-кIиго моцI унаан, цо-цо багьанаги батун, холаан ясалъул эбел-инсулгун гьабураб кьотIи-къай. Иман бугел чагIи рукIана гьел, «рагIадал» рукIинчIо.

Бищунго дие захIмалъана «лъабабилеб попытка» - лъабабилей ясалъулгун ригьин гьабизе гьабураб кьотIи-къай хвей. Гьелдаса берцинай, гьелдаса гIакълу-лъай бугей яс дида гIумруялъ йихьун йикIинчIо. Эбелги йикIана гьелъул иманги бугей, хIежги борхарай гIадан. Ячинехьин йикIарай ясалъ васасда бицун буго, жий гьитIинго йигеб мехалда жиндие хIал гьабунин цо чиясин абун. Ясалъул ракIбацIцIалъи, ракIбацIцIадго росасе ине бокьун... Чан нухалъ дица васасда гьарараб, гьей гIадай яс дуда дунялалда ятуларин, ячейин абун. ГIенеккичIо дихъ», - ан.

«ГIалисултан, магIарул газеталдасан даргиязул ясазухъеги щвела гьаб хабар, абе дир рахъалдасан гьей ясалда тIаса лъугьаян! Васасул гIечIеб гIакълу… РекIелъ кьалел чIораллъун ккана дие, инсуе, гьеб лъугьа-бахьин. Ясалъул инсуца, хIакъикъатги лъаларого, байбихьана дида бугьтанал лъезе – гьесдаги гIайиб гьечIо. Инсуда ясалъул ккараб лъугьа-бахьин бицинчIо нижеца. РагIиги кьун, рехунтей, гIиллаги гьечIого, захIмалъиаан диеги.

Гьединлъидал, дир гьудул ГIалисултан, хутIаралги чIегIерал расал хъахIлъана дир – тIуранго. КIиабилес, лъабабилес, ункъабилес расазул кьер хисизабичIо. ХъахIлъарал расал чIегIерлъулаурелъул, кигIан гIумру битIабищун кканиги, дой тIоцеесей «кIиго фронталъул» яцалги лъугьана бугьтанал лъезе дида. Нильеца васасе ячине ккола гьес йихьизаюрай яс, гурони нилъер расал хъахIлъулелго хъахIлъулел рукIуна, ракIалги лъукъула», - ян лъугIизабуна хабар ГIалиамирица.

…Ниж больницаялдаса кьватIире риччана, тIубан сахлъичIониги. Телефоналъ цоцахъе кIалъала. ГIалиамирица дие битIун бачIана сайгъат – дица гьарун букIараб – даргиназул ахикьа 5 «Мускат» - махI бугеб цIибилалъул чIорал. Дицаги ана гьесие ритIун гьабулеб ахикь лъезе росарал 400 гьветIалдаса «Спутник» багIлиялъул лъабго гьветI. Гьел сайгъатал цоцахъе ритIизе кумек гьабуна автостанциялда бугеб «Гъуниб» кафеялъул бетIергьанчIужу Гулишатица. Баркала гьелъие.

ГьутIби, цIибил бижула бокьараб ракьалда, гьезда хадуб бербалагьи бугони. Расалги хъахIлъуларо. Даргиязул цIибилги, ругъеждерил багIлиги ракIалда буго гIезабизе, баркизегIан сабру гьабизе, гьаб хабар цIаларазе садакъалъун кьезеги.

*Ругъжаса ГIАЛИСУЛТАН*

## Школалъул чIухIи



ТIоцере школалде рачарал лъималазда хъвазе-цIализеги, рокъорги кьватIирги хьвадизеги кколеб куц малъи расги бигьаяб масъала гуро. Амма хIалтIи ракI-ракIалъ бокьулеб бугони, лъималазе лъайгун тарбия кьезе бигьалъула. Масала, гьеб бигьалъула Унсоколо районалъул Рихьуни росдал школалъул учительница, «ДРялъул мустахIикъай учитель» ПатIимат МухIамадовалъе. Буйнакскиялъул педучилище лъугIараб 1973 соналдаса нахъе гьей йиго байбихьул классазул мугIалимлъун хIалтIулей (1986 соналда заочно лъугIизабуна ДГПИги). Киназего гIадин, ПатIиматиеги байбихьуда захIматго букIана лъималгун хIалтIизе. Амма гьелъие кумекалъе ратана хIалбихьи бугел учительзаби: СалихIат Бадаева, ГIабдулхIамид Хъарагишиев, АхIмад Жамалудинов ва цогидалги.

Исана П. МухIамадовалъухъ буго 4 «а» класс. Классалда вугев 13 цIалдохъанасда гьоркьоса анцIила кIигояв цIалулев вуго «4» ва «5» кьиматазда. Диеги рес щвана гьелъул дарсида гIахьаллъизе. Аслияб къагIидаялъ гьелъ дарсал кьола хIаялъулаб къагIидаги хIалтIизабун: классги кIиго кьокьаялде бикьун, гьезда гьоркьоб кьецги лъазабун. Бихьулеб букIана ПатIиматица лъимал жалго жидедаго чIун ургьизе ругьун гьарулел рукIин. Дарсил заманалда гьоркьо-гьоркьор кьолел рукIана бицанкIаби, рагIикьотIал. Гьедин гIуцIарал дарзаз лъимал ургьизе тIамула, чIамучIлъичIого ун батула заманги. Тарбия кьеялъул хIалтIулъ аслиеблъун П. МухIамадовалъ рикIкIунеб буго лъималазул ВатIаналде, ритIухълъиялде гьитIинго рокьи бижизаби, гьезулъ гIаданлъиялъулаб асар куцай, лъикIлъи бокьизе ва квешлъи рихине ругьун гьари.

Школалъул завуч Заира ХIожолаевалъ бицана ПатIимат МухIамадовалъул хIакъалъулъ: «ПатIимат ккола гIолохъанал учительзабазул насихIатчIужу. Гьелъ гIемер кьола рагьарал дарсал ва мастер-классал. Гьелъул нухмалъиялда гьоркь школалда тIоритIула байбихьул классазул тематикиял байрамал. Байрамкъоязда цIалдохъабазул церерахъиназе сценариялги ПатIиматица хъвала. Кьокьго абуни, гьей йиго нижер школалъул чIухIи», - ян.

П. МухIамадовалъе щун руго хIурматиял цIарал ва гIемерал шапакъатал: «Учитель-методист», «РФялъул лъай кьеялъул хIурматияй хIалтIухъан», республикаялъул Лъай кьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялъул, райадминистрациялъул, райУОялъул ХIурматалъул грамотаби, баркалаби ва гIарцулал сайгъатал.

*МухIамад ГЪАЗИМУХIАМАДОВ*

# МагIарул мацIалъе гIумру кьурав

**Гьал къоязда 100 сон тIубана магIарул мацIалъул мугIалим, ДГУялъул филологияб факультеталъул мацIазул гIалимчи МуртазгIалиев МухIамад гьавуралдаса.**

**Гьев хIурмат тIадегIанав гIалимчиясулгун дир лъай-хъвай ккана 1969 соналда, университеталде цIализе лъугьиндал. Доб заманалда гьев ва гьесда релълъарал цогидалги мугIалимзабазул шапагIалъиялдалъун, тIалабалдалъун рахьдал мацIал ва адабиятал малъиялде, гьел лъазариялде, жакъаялде дандеккун гIемерго цIикIкIун кIвар буссинабулеб букIана.**

Узухъда, мугIалимзаби батIи-батIиял рукIуна. ЦIикIкIарасез жидее программаялда бихьизабураб макъамалдаса тIаде инчIого, дарсал кьола «гьоболасул хIама хIорде бачанищ? Бачана» абураб магIнаялда. Амма магIарул мацI махраж бахъун жинда цере ругел цIалдохъабазда малъулев унгоунгояв педагог вукIана МухIамад МуртазгIалиевич. Студентаздехун гьесул букIунаан жиндирго лъималаздехун гIадаб инсулаб бербалагьиги лъай тIалаб гьабиги. МагIарул мацIалъул грамматика дунялалъул цогидал халкъазул мацIазда гьоркьоб лъазабизе захIматаб букIин – гьеб буго филологиялъул чIахIиял гIалимзабазго нугIлъи гьабураб хIужа. Амма МухIамад МуртазгIалиевас кьолел дарсазда гьеб захIмалъи цIалдохъабазда бихьулароан. Гьаракь борхичIого гьабулеб гьесул хIеренаб каламалъги, мацIалъул тIабигIат ва гьеб мацIалда хъварал адабияталъул асарал, гьелъул захIмалъаби гъваридго лъаялъги нижее, студентазе цIакъ кумек гьабулаан рахьдал мацIалъул балъголъабазде раккизе ва хадурккун гьел кIоченаредухъ рекIелъ чIезаризеги.

Дол соназда филологияб факультеталда малъулел рукIарал цIалул предметазда гьоркьоб, узухъда, букIана педагогикаялъул гIелмуги. Гьенир бицен гьабулел Константин Ушинскиясул, Антон Макаренкол тарбия кьеялъул къагIидаби лъазарулаго, дида цебе чIолаан нижер мугIалим МухIамад МуртазгIалиевасул сипат.

Цо нухалда дарс байбихьилалде цебе гара-чIвариялда рукIаго, МухIамад МуртазгIалиевичас дида гьикъана: «Зикрула, дуца щиб цIалараб КьогIасул?» - ан. БачIинахъего дун виххун ккарав гIадин ургъана гьеб суал цо щиб бугониги тIаде загьираб гуреб магIнаялда кьолеб бугодайилан. Цинги пикру бачIана «КьогIав» абураб рагIи магIарул мацIалде таржама гьабураб гIурусазул хъвадарухъан М. Горькиясул фамилия батиялде ва хехго «ТIинда» («На дне»), «Херай Изергиль» абун жаваб гьабуна дица.

- Вицатасул? - ан нахъеги суал кьуна гьес.

Гьеб мехалда дир щаклъи букIинчIо Вицатав – Лев Толстой вукIиналда.

- «Рагъ ва рекъел», - ян жаваб кьуна дица ва гьенибго тIаде жубана «Кавказалъул асирги» абун. Гьев цIакъ разиго хутIана, хасго рехсарал асаразул цIарал дица магIарул мацIалда абиялъ. ГьедигIанги бокьулаан гьесие рахьдал мацI.

Живго гIатIиракьалда гьавурав, гIурав вугониги, гьесда цIакъ лъикI лъалаан магIарул халкъалъул гIумруги гьезул ругел захIмалъабиги. Гьезул экономикиял суалал тIураялъе кумек гьабизе рес гьечIониги, гьес ясбер гIадин цIунулаан нилъер рухIияб бечелъи, миллаталъул кьучI – мацI.

М. МуртазгIалиевас лъугIизабуна Дагъистаналъул педагогикияб институт. ХIалтIана ТIасажунгут, ХIабши, Дурангъи росабазул школазда рахьдал мацIалъул мугIалимлъун, директорлъун.

1953-1955 соназда МухIамад хIалтIана «Дагъправда» газеталъул гьоркьоблъейлъун букIараб магIарул газеталъул корректорлъун ва таржамачилъун.

1958 соналдаса нахъе жиндирго гIумруялъул ахиралде щвезегIан МуртазагIалил МухIамад вукIана Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул гIаммаб ва Дагъистаналъул халкъазул мацIазул кафедраялъул доцентлъун.

1968 соналда МуртазагIалил МухIамадица цIунана педагогикиял гIелмабазул кандидатлъиялъулаб диссертация. 1969 соналда гьесие щвана «Дагъистаналъул мустахIикъав мугIалим» абураб хIурматияб цIар.

Университеталда хIалтIизе байбихьараб къоялдаса нахъе МуртазагIалил МухIамадица кьолаан рахьдал мацIалъул батIи-батIиял курсал: лексика, диалектология, мацIалъул методика ва гь. ц. Гьев ккола гIемерал гIелмиял макъалабазул, тIахьазул автор.

Гьес дарс бицунаан жиндирго лъималазе гьабулеб накъит гIадин. ЦIакъ бичIчIулаан мацIазул тIабигIат. ЛъарагIлъиялда гIурал гьезул магIарул росабалъ мацIалъул цо-цо рагIаби гъорлъе рачинчIого, узухъда, хутIуларо. Цогидал, аскIоб гIумру гьабун ругел миллатазул мацIаз магIарул мацIалъеги асар гьабула ва лексикографиялда хисабасиял ккола. Гьеб буго бокьараб чIагояб мацIалъул тIабигIат. Гьединаб ахIвал-хIал буго «болмацI» хIалтIизабулезда гъорлъе кколел Казбек районалъул росабалъги. Мисалалъе, гьезул наречиялда гъорлъ ругел *«гъаймахъ»* (тIорахь), *«этек»* (чакма), *«дазу»* «(гIорхъи), *«эс»* (гIакълу) ва гIемерал цогидалги лъарагI мацIалдаса рачIарал рагIаби. Амма МухIамад МуртазгIалиевас хIаракат бахъулаан мацIалда жаниб гьединаб асаргицин цIакъго дагь гьабизе.

Цо нухалда, дарс байбихьулаго, дида «тункизе» махсара хIисабалда, студентаздехун вуссун, гьес абуна: «ГIенеккея, лъимал, сон гьав Зикрула, *гъаймахъги* кванан, *этекалги* ретIун унаго, *даздаде* щварав чи *эсалдаса* ун ватун вуго», - ян. Гьеб калимаялда жаниб буго ункъо лъарагI рагIи. Гьедин махсарахочIалда гьес студентазул пикру буссинабулаан мацI бацIцIадго цIунизе ккеялде.

Жакъа нилъер бугеб гIузру буго рахьдал мацIазде хашаб бербалагьи гьаби. Гьеб киналъего эбел-инсуца гIиллалъунги бачуна ясли-ахазде лъимал хьвади. Рокъоб магIарул мацI бицунеб гьечIо. Кинха лъималазда мацI лъалебилан абулебги буго. Амма гьеб буго гьадингояб, жидерго ракIбатиялъе бачунеб багьана. Щайха, мисалалъе, шагьаралда гьавурав, гIурав МухIамад МуртазгIалиевасул вас, филологиял гIелмабазул докторлъун вахъарав АхIмадида, гьесул лъималазда ва Москваялда гьарурал, гьенир гIумру гьабун ругел гьесул васасул лъималазда мухIканго бацIцIадаб магIарул мацI лъалеб? Гьеб буго инсуца кьураб тарбиялъул, хъизамалда жаниб рахьдал мацIалде кучараб рокьиялъул хIасил. Гьединав вукIана МуртазагIалил МухIамад.

Жакъа республикаялъул цониги магIарул район гьечIо гьесул цIалдохъаби камураб, гьез дарсал кьечIеб. Гьединаб хIаракатчилъиялъухъ, мунагьал чурад, мустахIикъав вуго жиндир цIар миллаталда жаниб жеги гъваридго машгьур гьабиялъе. Гьес гIемерал цIалул тIахьал хъвана республикаялъул школазул батIи-батIиял классазе гуребги, университеталъеги.

Нилъеца Дагъистаналъул мацIал церетIеялъе квербакъи гьабурал гIурус ва цогидал миллатазул гIалимзабазул гIемер бицуна, бицине гьел мустахIикъалги руго. Амма нилъерго миллаталъул гьелъие гIумру кьурал, гьениб щулияб бутIа лъурал гIалимзабазул хIакъалъулъ бицен, гьел ракIалдещвезари гIей гьечIеб бугин кколеб буго.

Гьединлъидал цо кинаб бугониги рухIияб идараялъе, школалъе ва гьединго къватIалъе МуртазагIалил МухIамадил цIар кьуни, гьеб букIинаан ритIухъаб иш.

***Зикрула ИЛЬЯСОВ***



**Нижер курсги МуртазагIалил МухIамадги**

# Киналго ращад кканиги...

**Унсоколо районалъул Балахьуни росдал школалда авар мацIалъулгун адабияталъул мугIалимлъун хIалтIулей йигей Мадина МухIамадовалъул цIалдохъабаз магIарул мацIалъул олимпиадабазда кидаго цересел бакIал ккола. Масала, 11 классалъул цIалдохъан ИсхIакъова ПатIиматие, районалъул олимпиадаялда тIоцебесеб бакIги щун, рес щун букIана республикаялъул олимпиадаялдаги гIахьаллъизе.**

ЦерегIанго къояздайин абуни, «Росдал тарих ва гIадатал» абураб цIаралда гъоркь М. МухIамадовалъ школалда тIобитIана цIакъ пайдаяб тадбир. Россиялъул президентасул бихьизабиялда рекъон, 2024 сон «Хъизамалъул лъагIелъун» лъазабун букIинги хIисабалде босун, къецалда гIахьаллъизе гьелъ ахIун рукIана хъизамаздаса гIуцIараб ункъо команда.



Цебеккунго карточкабазда хъван хIадур гьарурал тIадкъаязе жавабал кьезе бихьизабун букIана цо минут. Лъабго чиясдаса данде гьабураб (эбел ва кIиго лъимер) командаялъул гIахьалчагIаз бицана росдал тарихалъул, гIадатазул, некIсиял тIагIелал умумуз кинал хIажалъабазе хIалтIизарулел рукIаралали, жаваб кьуна бицанкIабазе, рагьана кицабиабиязул магIна. БукIана богогьанлъиялъул къецги.

Къецалда гIахьаллъизе рачIун рукIарал ХIажиевазул, ХIамзатовазул, ГIабасовазул ва МухIамадовазул хъизамазул командабазе жюриялъ ращадал баллал лъуна. Амма балагьараз лъикIаб къимат кьуна ХIажиевазул церерахъиналъе.

# Ясаздаги лъала торгIо кьабизе

**Унсоколо районалъул Рихьуни росулъ тIобитIана Зираниса МухIамад ГIабдурахIмановасул призалъе гIоло ясазда гьоркьоб волейбол хIаялъул рахъалъ турнир.**

Гьелда гIахьаллъана Унсоколо, Хунзахъ, Гумбет, Шамил ва ЧIарада районаздаса командаби. ХIалуцарал къецазул хIасилалда тIоцебесеб бакIалде бачIана Унсоколо районалъул команда, кIиабилеб ва лъабабилеб бакIал рикьана Хунзахъ ва Гумбет районазул командабазда гьоркьор.

ТIоцебесеб бакI ккураб Унсоколо районалъул командаялда гьоркьор рукIана ГIашилтIа, Унсоколо, Балахьуни ва Генуб росабалъа ясал.

Турниралъул киналго гIахьалчагIазе кьуна ХIурматалъул грамотаби ва гIарцулал сайгъатал.

***МухIамад ГЪАЗИМУХIАМАДОВ***

# Нилъер мацI мискинаб гьечIо

**Дагъистаналда хIалтIизабулеб буго хъвай-хъвагIаялъулабгун кIалзулаб 40-гIанасеб мацI. ГIемерал мацIал ругеб бакIалда хIажалъи ккола киназдаго бичIчIулеб цо мацIги букIине. Гьединлъидал гIурус мацI бачIиналде цебе гьединаблъун мугIрузулаб Дагъистаналда букIана магIарул мацI. ГIелмуялда тIоцебе магIарул мацIалъул хIакъалъулъ баянал руго 1787 соналда «Киналго мацIазул ва наречиязул дандкквеялъул словарь» абураб гIалимчи П. С. Палласица хъвараб хIалтIулъ.**




МагIарул мацI жакъа миллионалдаса цIикIкIун чияс бицуна. Гьелъул батIибатIиял хаслъаби лъазариялда тIад жиндир заманалда хIалтIана гIалимзаби Ю. Клапрот ва Р. Эркерт. Гьезул магIарул мацIалъул фонетикаялъул, грамматикаялъул хIакъалъулъ баянал мухIкан гьаруниги, тIубанго мацIалъул тIабигIат рагьизе гьезухъа бажаричIо.

Дагьаб щвалде щвараблъун рикIкIуна А. Шифнерица хъвараб «МагIарул мацIалъул грамматика» абураб гIелмияб хIалтIи. Гьелдаса хадур советияб заманалда раккана П. Усларил, Л. Жирковасул, А. Чикобавал, А. Бокаревасул нилъер мацIалъул батIибатIиял рахъазул бицарал хIалтIаби.

Гьелдаса хадуб нилъергоги гIун рачIана мацIалъул рахъалъ гIалимзаби. Гьел ккола Ш. МикагIилов, М. СагIидов, З. МухIамадбекова, М. МуртазагIалиев, Г. Мадиева, Б. Атаев, М. МухIамадов ва цогидали.

Лингвистал Нина Добрушиница, МухIамад МухIамадовас ва Яков Тестелецица жидерго хIалтIабазулъ бихьизабулеб буго магIарул мацIалъ халкъал цолъизаруraб куц. Миллатал гIемераб Дагъистаналда мацIалъул гьеб хаслъи буго бищунго кьиматаб гIаламат.

КъватIисел пачалихъазул гIалимзабазул жакъаги буго магIарул мацIалде лъикIаб бербалагьи. Англиялъул гIалимчи, филологиял гIелмабазул доктор Саймон Криспица жиндирго докторлъиялъулаб диссертация хъвана ва цIунана магIарул мацIалда тIасан. Гьес нилъер мацI бицуна цIакъ мухIканго, кигIан захIматалги хIарпалги рахъулаго.

МагIарул мацIалъул бальголъаби рагьиялъулъ, гьеб цебетIеялъулъ кIвар бугеблъун ккана Ш. МикагIиловасул «МагIарул литературияб мацI бижиялъул ва цебетIеялъул нухазул хIакъалъулъ» абураб хIалтIи. Гьениб гIалимчияс рагьулел руго «болмацI» бижиялъе багьаналъун ккарал социалиялгун экономикиял гIиллаби. Диалектал, жидерго мацIалги тун, цогояб магIарул мацIалде гIемерисел рачIин гьес бихьизабулеб буго магIарул ва сверухъ ругел батIиял миллатазул чIахIиял росабазул гIумруялъулъ ккарал хиса-басиял рукIин, мискинлъи цIикIкIин, гьеница хIалтIи балагьун, росу тун батIибатIиял бакIазде гIадамал ине ккей ва даран-базар гIемерлъи. Гьел лъугьа-бахъиназ гIадамал тIамун руго, диалектаздаса инкарги гьабун, гIемераздa бичIчIулеб цо диалекталде рачIине. Гьелда «севернияб наречийилан» абула.

Нилъер «болмацI» гIадинаб, жиб цого миллаталъул цогояб мацIалъе аслулъун кколеб мацI Дагъистаналда цогидал миллатазул гьечIо. Гьеб буго нилъер мацIалъул щулияб аслу ва бечелъи.

МагIарулал ккола Россиялъул бищунго чIахIияб 10 миллаталде гъорлъе унеб халкъ. Россиялда гIумру гьабулеб буго 1 млн 200 азарго магIарулас.

МагIарул мацIалъул жакъасеб гIумруялъул халгьабуни, аслияб куцалда гьеб бухьараб буго рукIа-рахьиналъулаб ва жамгIияб гIумруялда. МагIарул мацIалда хъвалел ва басмаялда рахъулел руго тIахьал, биччалеб буго республикаялъулаб миллияб газета, гьарулел руго теле-ва радио передачаби, хIалтIулеб буго театр.

Амма школазда рахьдал мацIазе кьолел сагIтал дагь гьариялъ рахIат хвезабичIого толаро. Рахьдал мацI лъазабизе мадугьалихъ бугеб республикаялда 5 сагIат кьолелъул, нилъер гьаниб цIакъго кьанагIатал школазда гурони 2 сагIатцин кьолеб гьечIо анкьида жаниб. Рокьоб эбел-инсуца бицунгутIиялде тIаде гьебги къвакIани, нилъ нилъерго миллаталъул гIаламатаздаса эркенлъиялда хIинкъи буго. Гьединлъидал жакъа жидер лъимализда магIарул мацI малъугеян учительзабазда абулел эбел-инсул ихтияр бугищ жал магIарулал ругин абизеяли, лъаларо.

Нилъеца нилъерго кьимат хвезабулеб жо буго документал хIадур гьарулеб мацIалда (гIурус) тIоритIизе кколила данделъабиян абураб пикру цо-цо районазул хIакимзабазул букIин. Гьединлъидал кIвар буссинабизе бокьун буго гьадинаб хIужаялде: «Россиялъул халкъазул мацIалъул хIакъалъулъ» абураб федералияб законалъул 11-абилеб статьяялда хъвалеб буго «Россиялъул субъектазул пачалихъиял ва бакIалъулал идарабазда Россиялъул пачалихъияб мацIалда цадахъго хIалтIизарула республикаялъулал пачалихъиял мацIалгиян». Документалги хIадур гьаризе бегьулин гьелго мацIаздаян абулеб буго къанунalда. Берцинго букIуна магIарулал ракIарараб мажлисалда магIарул мацIалда кIалъани.

*З. ИЛЬЯСОВ*

**МагIарул мацIалъул бечелъи бихьизабизе кIиго рагIиялдалъун цо мисал бачинин, рагIулъ цо хIарп хисиялдалъун гьелъ тIубанго батIияб магIна кьолеблъи загьир гьабизе:**

1. РагIана - услышали
2. Рагьана - открыли
3. Рагъана - воевали
4. Ракана - загорелись
5. Раккана - появились
6. Ракъана - проголодались
7. Рахьана - стало тепло
8. Рахъана - встали
9. Ратана - нашлись
10. Рачана - привели
11. Раччана -несли на спине
12. РачIана - пришли
13. Рацана - закрыл
14. РацIана - погнали
15. РацIцIана - почистили

1. Ригана - протухли
2. Ригьана - очнулись
3. Ригъана - повесили, запутали
4. Рилълъана - пошли
5. Рикьана - разделили
6. Рикъана - украли
7. Рилана - потерялись
8. РитIана - послали
9. Рихана - невзлюбили
10. Риххана - разрушили, ошеломились
11. Рихьана - увидели
12. Рихъана - порвали
13. Риччана - намоклись
14. РичIчIана - поняли
15. Рицана - рассказали

## Бекилалде бухьун лъикI бетIер

**Турциялдеги щун тIадвуссун вачIарав ДРялъул халкъияв поэт МухIамад ХIамзаевасулгун журналист Шарапудин СултIановас гьабураб гара-чIвариялда хъван буго: «…Дагъистаналдаги рукIун, рахьдал мацIал лъугIун инин абураб хIинкъиялда руго нилъ. 150-200 соналъ цере Турциялде гочарал магIарулал руго жидерго мацIги цIунун. ВатIаналдаса рикIкIадищ инсан гьавизе кколев, рахьдал мацIалде бугеб рокьи бичIчIизе?**

**Нилъер тIей гьечIеб бутIалъун ккола Турциялда лъугьараб диаспора. Гьез цIунун буго миллияб мацIги маданиятги. Лъала гьезда тарихги. МагIарул мацIги гьез жакъа бацIцIадго цIунун буго. ГьабсагIат нильеца мацIалъулъ хIалтIизарулел гIурус рагIабаздаса, доз мацIалда гъорлъ хIалтIизарулел турк рагIаби гIемерго дагьал руго», - ян.**

ГIахьвахъ районалъул росабазул гIадамазул буго чанго батIияб мацI. Амма къватIире ккараб мехалда, гьел киналго цоцазда кIалъала магIарул мацIалда. Районалъул нухмалъулезги данделъаби нухда рачунаан магIарул мацIалда. Цо нухалда райадминистрациялда данделъи тIобитIулеб букIана. Газеталъул мухбир хIисабалда, дунги ахIун вукIана гьениве. ЦогIаги къватIиса вачIарав чиги гьенив вукIинчIо, ай киналго рукIана магIарулал. ХIалтIул хIисаб кьолелъул, доб мехалда налогалъулаб инспекциялъул начальниклъун вукIарав ТIалхIатов МахIачица абуна, гьанир киналго магIарулал ругелъул, жинца магIарул мацIалда бицинин абун. Амма хIакимас абуна гIурус мацIалда бицеян. МахIачида гIурус мацIги гIезегIан лъикI лъала. Гьев кколелъулха меседил медалалда школаги, багIараб дипломалда университетги лъугIарав чи. Амма гьединаб гурони хIакимзабазул магIарул мацIалде рокьи гьечIеб мехалда, цогидазда щиб абилеб?

РСФСРалъул мустахIикъав учитель, гIумруялъ магIарул мацIалъул дарсал кьолев вукIарав мунагьал чураяв Халидов МухIамадица цо дарс лъугIидал абун буго:

- МагIарул мацI лъаларев чи кинав магIарулав кколев? Дун лъилниги мацIал рихарав чи гуро. Амма магIарул мацIалда гIадинал хIасратал рагIаби цогидал мацIазда гьечIо. Вижарав росу бокьулесе бокьула росу, район, Дагъистан, кIудияб улка. Гьеб киналъулго кьимат гьабулел магIарулазе бокьула магIарул мацIги, - ян. Гьединго, рехсезе бокьун буго бащдаб гIасруялдасаги цIикIкIун соналъ цебе къватIибе бачIараб ГIахьвахъ районалъул «Заман» газеталда М. ГIалиевас хъвараб «Авар мацI лъазабиялде цIикIкIун кIвар» абураб макъалаялдаса мухъал.

«Рахьдал мацI. Гьеб лъазе ккола гьитIинасдаги кIудиясдаги. КIалъалаго нилъеца гIадамазда нилъерго рохелги пашманлъиги мацIалдалъун загьир гьабула.

Цере нилъер умумул гIемер къватIире унароан. Гьез яшав гьабулеб букIана цо чIараб бакIалда. Гьелъ гьезда жидерго мацI лъаниги гIолеб букIана.

Ана заман. ГIуцIана цIияб жамгIият, магIишат гьабизе байбихьана киназго цадахъ лъугьун.

ГIумруялдаго цадахъ хисана гIадамазул гьоркьорлъабиги. Гьелъ гIадамазда батана цоял цояздa ричIчIизе гIаммаб мацI. Нилъер улкаялда, аслияб къагIидаялда, гьединлъун ккола гIурус мацI», - ан.

ЦерегIанго соназ райадминистрациялъул хIакимзабазда цебе гьеб суал борхидал, гьез жаваб кьун букIана документал хIадур гьарулеб мацIалда данделъиги нухда бачине кколин абураб бихьизаби бугилан. Лъица гьедин лъазабураб, киб бугеб гьедин гьабейин хъвараб буюрухъ яги указилан цIехедал, жаваб букIинчIо.

Районазул гIемерисел газетаздаги жакъа цIакъго гIемерлъун буго гIурус мацI. Хасго гьеб мацIалда рахъулел руго хIукмаби, законал ва цогидаби. ГIилла - гьедин бигьагоги, таржама гьабизе захIмалъулебги букIун. Гьелдаго цадахъ райгазетазул цо гьумер кьолеб буго телевидениялъул программа бахъиялъе. Жакъа лъие гьеб кьваригIун бугеб? Гьелъул бакIалда бегьуларищ нилъерго шагIирзабазул, хъвадарухъабазул яги диналда хурхарал материалал лъезе.

**Щай дие кьваригIун бугеб Дагъистан**
**Дир гьаракь бахъани дир лъималахъа,**
**Щай дий магIаруллъи, магIарул чагIаз**
**Чидар мацI бицунеб жидерго гьасда?**
**Щай дие гьал мугIрул, гIорул рагIалда**
**ГIагараб магIарул кечI рагIичIони,** - ян гурищ хъван бугеб Расул ХIамзатовас.

РачIа нилъеца нилъерго рахьдал мацIалъул адаб гьабизе.

**Нилъер умумуца ирсалъе тараб,**
**МагIаруллъиялъул яхIалъ къачIараб.**
**КъвакIарал мугIрузда бижун бачIараб,**
**ЦIуне, магIарулал, талихI кьеги, мацI.**
Гьадин ахIи балеб буго шагIир Сабигат ГIазизовалъги.

*Бадрудин СУЛТIАНОВ*

# Квен чияр батани, чехь нилъерлъидал…

## Кванирукъ гьитIин гьабунищ лъикI, яги гуребищ?

**Шамхал-Термен поселокалдаса Исрапилов ГIисаца хъвалеб буго: «Кьаралъиялъ фигура холеб бугини абун, дир васасул яс Маржанатица абулеб буго жинца кванирукъ, операцияги гьабун, гьитIин гьабизе бугилан. Цояз абула гьединаб операция гьабурал хIалакълъулин, цогидаз хIинкъизарулел руго сахлъиялъе зарализаб иш бугини абун. Лъалел чагIаздаги цIехон, гьелъул хIакъикъат лъазабуни бокьилаан».**

**Гьаб масъала гIезегIан чагIазда хъинтIулеб жо букIинги хIисабалде босун, гьединаб операция гьабиялъул хIакъикъат лъазабизелъун нижеца гара-чIвари гьабуна медицинаялъул гIелмабазул доктор, профессор МухIамад Расуловасулгун.**



**- МухIамад, гьедигIан кIвар кьезе кколеб масъала бугищ кьаралъи ва гьебгун кьеркьей?**

- ГIалимзабаз гьарурал цIех-рехаз бихьизабулеб буго, дунялалъул халкъалъул лъабил бутIа кьаралъулеб букIин. Ракъараздаса гIорцIарал гIемерлъун руго жакъа. Кьаралъи буго унти ва гьеб сах гьабизе ккола.

**- Гьеб унти тIибитIиялъе кинал гIиллаби ругел?**

- Гьелъие бугеб аслияб гIилла ккола хIалтIи гьабиялдаса хIанчIи гьабулел цIикIкIунел рукIин. Инсан кьаралъула дагь-дагьккун, жиндаго лъачIого. Гьединлъидал щивав чияс жиндаго хадуб хъараврулъи чIезабизе ккола.

**- Рехсараб унти кин сах гьабулеб?**

- Аслияб куцалда хIалтIизабула лъабго батIияб къагIида: кванирукъалда тIасан рачел къай, кванирукъалда жаниб баллон лъей ва кванирукъалъул цо бутIа нахъе къотIи. ГIалимзабаз чIезабун буго гьел къагIидаби черхалъе заралиял рукIин. Масала, рачелалъ кванирукъ данде къан, гьеб бугеб бакIалда би хIалтIиялъе квалквал букIуна, заманалдасан рачел бугелъуса багъаризе бегьула ва операция гIададисеблъун лъугьуна. Баллоналъ кванирукъалда жанир ругъунал лъугьинаризе рес буго ва гьелдалъун бидул хIалтIи хвезабизе бегьула. Амма сахлъиялъеги гIумруялъеги бищун хIинкъи бугеблъун ккола кванирукъалъул цо бутIа нахъе къотIи, ай гьеб гьитIин гьаби.

**- Кванирукъ гьитIин гьабизе бегьуларищха?**

- ЗахIматал цо-цо унтаби сахгьариялъул мурадалда, операцияги гьабун, кванирукъалъул цо бутIа нахъе къотIизе ккола. Гьеб операция чара гьечIеблъун ккола язваялъул унти, би бачIиналъул захIмалъи, ругъун багьи, сахлъулареб гьорой, кванирукъалъул хьалбал дандекъай гIадал унтаби сах гьариялъе.

Ахирал соназда, берцинаб фигура бокьун, гIолилазул, хасго ясазул модалъун лъугьун буго черхалъул цIайи инабиялъе сахлъиялъе хIинкъи бугеб операция гьаби. Гьелъ квешлъизабула квен бихIинабиялъул иш, сахлъиялда ва чорхол хIалалда кьаби щвезабула. Цо-цоязда ккола гьеб бигьаяб операция бугин, гьелдалъун рукIине бегьулел заралазда тIад ургъичIого, хIисаб гьабула гьелъул тIокIлъиялъул. Операция гьабун хадуб дандчIвазе бегьула гIемерал захIмалъаби: унти бахин, бидурихьазда жаниб би бакъван, гарал лъугьин, кваназе ва гьекъезе захIмалъи, би бачIин, кванирукъалда ругъун лъугьин ва каратI багьи, рак унти тIатин…

Кванирукъ гьитIин гьабидал, чорхое гIураб къадаралда щоларо регьунел жал. Кванирукъалдаса тIеренал бакьазда жанибе квен цIакъ хехго ине лъугьиналъ, тIатуна чехь гьорой, ракI свери, риххел щвей ва бетIер свери гIадал гIунгутIаби, хола квен бихIиналъул гIадлу. Дагълъула квен бихIинабиялъе чара гьечIого хIажалъулеб цIекIлъи ва ферментал лъугьин, рачуна черхалъе хIажалъулел: железо, кальций ва витамин В12 гIадал жалазул мукъсанлъиялде.

Кванирукъ гьитIин гьабидал, дагьлъула пайдаял бактериязул къадар, гьелъ квешаб асар гьабула инсанасул иммунитеталъе ва нервабазул хIалтIул хасияталъе.

Операция гьабун, къокъаб заманалда жаниб 30-50 килоялъ цIайи тIаса рехани, ккезе бегьула гIумруялъе ва сахлъиялъе хIинкъи бугеб ахIвал-хIалалде.

**- Абула, кванирукъ тIаса къотIиялъул щибго хIасил кколарин, заманалдасан гьеб нахъеги, цIа-цIан, гIатIилъун бачIунилан. Гьеб битIараб бугищ?**

- Буго, операция гьабун хадуб, ай заманалдасан кванирукъ гIатIилъичIого букIунаро.

**- Операция гьабизе лъикIаб батичIони, кинанха гIолилаз фигураялъе гIадлу гьабизе бегьулеб?**

- ЦIакъго чара къосиндал гурони кванирукъалъе операция гьабизе бегьуларо. ГIемерал руго гьел операциядаса хадур захIматго унтарал, сакъатлъиялде ккарал ва хварал гIадамазул мисалал. Амма жакъа гьединал операциял гьарулел руго гIарцуе гIоло. Медицинаялъул гьеб бутIаялда сверухъ сверулеб буго гIемераб гIарац.

Чорхол цIайи низамалда чIезабиялъе ва кьаралъи тIаса инабиялъе руго цIакъ гIемерал ва бигьаго тIуразаризе бегьулел къагIидаби. Гьеб мурадалда чара гьечIеблъун ккола сахаб гIумру гьаби, черхалда рекъараб ва рекъолеб квен кванай, гьединго, алхинчIого щибаб къоялъ чорхое гIакъуба кьей.

Цо-цо чагIи бертабалъ ва мавлидазда кваналеб куц бихьидал, пикру гьабула гьел концлагералдаса лъутун рачIарал ратилин абун. Гьедин кваналезул фигура хвечIого букIинищ? Квен чияр бугониги, чехь нилъерлъидал, гьелда гурхIизе ккола.

***Нури НУРИЕВ***

# Унтарал сах гьари – гьеб буго мурад



Шамил районалъул Ругъелда росулъа тохтур ХIайбулагьил МухIамадилгун гара-чIвариялда вукIаго, телефоналдасан гьесухъе ахIун бачIана пуланав чи унтун вугин абун. Гьеб параялъ МухIамад ана. Хадуб росуцояз бицана чIараб лахIзат гьесул букIунарин, гIодоркъоял яги отпускалъул заман гьесда щибкъоялицин лъаларин абун. Гьединав, ай унтаразул кидагосеб тIалаб-агъазалда вугев чи вукIиналъ МухIамадил адабги гьабула киназго.

1977 соналда цIализе лъугьана гьев Дагъистаналъул медицинаялъул институталде. Гьенив гьев цIалулев вукIараб куцалъул бицунаго, Гьандихъ росулъа тохтур ГIалиев МухIамадица бицана кваналеб мехалдацин кидаго тIехьги цебеккун вукIунаанин гьевилан абун.

Институт лъугIидал, витIана Брянск областалъул ЦРБялде. Гьенибго лъугIизабуна терапиялъул ординатураги. КIиго соналъ гьенивги хIалтIун, тIадвуссана росулъе ва 14 соналъ хIалтIана Ругъелда росдал участкаялъулаб больницаялда бетIерав тохтурлъун. Гьенив хIалтIулеб заманалда щибаб къойил щолаан къелдерил Ругъелда, Сомода, Хьонохъ, ГIурчухъ, Хьиндахъ росабалъе. ГIемер ахIулаан Ракьуб ва Дагъбаш росабалъеги. Доб заманалда, гьанже гIадин, машинаби рукIинчIелъул, гьел росабалъеги унаан лъелго. Больницаялда вукIинчIо лъималазул тохтур, стоматолог. Лъималазул къадарги бахунаан микьнусгоялде. Гьединлъидал гьабизе ккана педиатрасул хIалтIиги, рахъулаан цаби-гIусалги, хIатта, рес къотIидал, акушер-гинекологлъигицин.

МухIамадица чанго нухалда лъай камил гьабуна батIи-батIиял курсазде хьвадун. ИчIго моцIалъ цIалана хъизамалъул тохтурасул курсазда.

Гьев хIалтIизе ккана Кочубеялъул, Гьизляралъул, гьидерил больницабазда ва гьединго райбольницаялдаги. Унтараз абула гьесда битIахъе рентгеналъ рихьизарурал гIадин лъалин лъил щиб унти бугебали.

Жакъа МухIамад хIалтIулев вуго Буйнакскиялъул централияб больницаялда терапевтлъун, цадахъго «Здоровье» абураб централдаги.

«ДРялъул мустахIикъав тохтур» абураб цIар щай дуе щвечIебилан гьикъидал, гьес абуна цIаразеги рещцалъеги гIоло гурила жив хIалтIулев вугев, жиндир аслияб мурад бугила унтарал сах гьари, бажарараб кумек гьезие гьаби.

Живго гIадинал, гIаданлъиялъул нух ккурал руго гьесул лъималги. Ясалъ босана инсуло махщел ва хIалтIулей йиго Кочубеялъул больницаялда. Вас МахIмудица тIаса бищана рагъулав хъулухъчиясул махщел. Хьизан ГIайшатги ккола больницаялъул хIалтIухъан.

***Сайпула ГЬИТIИНАМУХIМАДОВ***

# СанагIатаб «Русь»

Дагъистаниял хIухьбахъизе ва сахлъи щула гьабизе уна батIи-батIиял санаториязде. Хасго гIемерав чи уна Железноводск шагьаралда бугеб «Русь» санаториялде. Гьенир руго лъикIал тохтурзабиги гьединалго медсестрабиги. Лъим гьекъолеб бакIалде рачине чIезабун букIуна автобус.

Араб сон Расул ХIамзатовасул лъагIеллъун лъазабун букIиналъ, санаториялда культуриял тадбирал тIоритIулей Наталья Шейхиналъ поэтасул кучIдул рикIкIиналъул тадбиралцин тIоритIана. Масала, Камчаткаялдаса ячIарай гIаданалъ шагIирасул кучIдул цIалулелъул, битIахъе черх цIунцIрахинабулеб букIана.

Санаториялда аслияб къагIидаялъ онкологияб унтул халгьабула. Гьарула дарабиги, цо-цоял гьарула гIарцухъ.

МахIачхъалаялдаса гьенире хьвадула маршруткаби, 2500 гъурущде кIалтIе щвезарула, гьебго багьаялде нахъеги раччула.



***МухIамадрасул РАСУЛОВ***

# Рокьула гIадамал, бокьула «ХIакъикъат»

**Дагьал церегIан къоязда «ХIакъикъаталъул» редакциялде гьоболлъухъ вачIун вукIана Гумбет районалъул Игьали росулъа 90 сонил ригьалде вахарав ГIумарасхIаб Хасаймирзаев. Гьениб бараб дагьабго заманалда жаниб гьес гьабуна редакциялъул хIалтIухъабазулгун лъай-хъвай, бицана жиндирго гIумруялъул ва нахъа тараб нухалъул хIакъалъулъ. Бихьана ГIумарасхIабица гIезегIан захIмалъи баччизе ккун букIинги, гьев кутакалда ракI лъикIав, гIадамазе гIемераб пайда гьабурав чи вукIинги.**




ГIумарасхIаб гIемерал соназ хIалтIун вуго колхозалъул бригадирлъун, гьелъул председателасул заместительлъун, парткомалъул секретарьлъун. Пенсиялде ун хадуб, хъизан Хадижатгун цадахъ, анлъго нухалда борхун буго хIежги.

ГIагараб росдаде, росдал гIадамазде бугеб рокьиялъ киданиги чIун гьечIо хIалхьиялда - росулъ гьесул хIаракаталдалъун бан буго цо авал-мажгит, гьобо, кIигониги кьо, гIахьаллъун вуго цогидалги жамгIиял ишазда.

Цинги ГIумарасхIабица загьир гьабуна редакциялде вачIиналъе гIиллаги.

- ТIоцебесеб иргаялда, дие бокьун буго гьудуллъи киданиги течIеб, канлъи гIоларого букIиналъ гьабсагIаталда цIализе кIоларого бугониги, хъизаналъ кинабго дие цIалулеб «ХIакъикъат» газеталъул хIалтIухъабазе баркала кьезе. КIиабизе, экономика ва культура цебетIезабиялъе нижер росдае гьабураб кумекалъухъ кIудияб баркала кьезе бокьун буго МелъелтIа росдал жамагIаталъе ва хасго Расулов Мусае (доб мехалда гьев вукIана партиялъул райкомалъул тIоцевесев секретарьлъун), АхIмадов СайидахIмадие, ГIумаханов Ширухание ва Бегаев ГIалихание.

Лъабабизе, баркала буго нижер росдал школалъул директор Малачилаев СагIидие ва мугIалим Малачилаева Асиятие, ветеран хIисабалда гьезги цIалдохъабазги дир гьабулеб хIурматалъухъгун тIалаб-агъазалъухъги.

Жиндирго гIумруялъулги бицун, росдал ва районалъул гIадамазе баркалаги кьун, хадубккунги редакциялъулгун щулияб бухьен гьабизе букIиналда нижер ракIалги чIезарун нахъе унелъул, гьоболлъухъ вачIаралъухъ баркалаги кьун, щулияб сахлъиги гьарун, нижецаги гьев берцинго нухда тIовитIана.

*ГIабаш ГIАБАШИЛОВ*

# «Къелеб ва къелесел»

**Гьединаб цIаралда гъоркь къватIибе бачIана Шамил районалъул къелдерил росабазул жамагIатазулги, гьезул рукIа-рахъиналъулги, гIадамазул гьоркьоблъиялъулги, политикияб гIуцIиялъулги, церегосел гIадатазулги бицунеб тIехь. Гьелъул автор ккола ахираб къогогIан соналъ Ругъелда росдал гьоркьохъеб школалъул директорлъунги хIалтIун, гьанже мустахIикъаб хIухьбахъиялда вугев Сомодаса ТIайгибил МухIамад.**




Тарих-гIелму лъикI лъалеб букIиналъ МухIамадица мухIканго бицун буго къелдерил росабазул тухум-кьибилалъул, росаби кин гIуцIаралали.

Хасаб бутIа буго росдал магIишаталъул, гIибоцIи хьихьиялъул, кверзул махщалил, гьединго, ригьин-цIа гьабиялъул бицунеб. ЦохIо Къелеб гурони гьечIо, хасел щвелалде цудунго гIи хъвезе кколеб букIун, гьезул бакIвалиялъубе тIолабго ччобориги бан, гьан цIунулеб куц («хIунтIер»), гьенибго хIадурула тIорахьги бахъичIого къараб ва ракIдукь бакъвазабураб хIан (букъухIан). Гьеб кутакалда санагIатаб букIуна сапаралъ цадахъ босизе ва гамачIгIан къвакIараб гьеб дагьалъ цIетIа лъурабго тамахлъун бачIуна.

Авторас мухIканго бицунеб буго росабалъ хIалтIи гьабизе бихьизабураб лъагIалил щибаб заманаялъул.

ТIехьалъе цеберагIи хъван буго филологиял гIелмабазул доктор, профессор МухIамад МухIамадовас (Ибрагьимович).

ГIун бачIунеб ва гIураб гIелалъе асар гьабила жидерго росабазул гIадатазулги, рукIа-рахъиналъулги, щибаб тухум-кьибилалъулги бицун хъвараб пайдаяб тIехьалъ.

*Сайпула ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ*



***ХIурматиял газета цIалулел! Жавабал щвезе бокьарал суалал нужер ратани, гьел ритIизе бегьула редакциялъул гьаб электронияб почалде - hakikat1917@mail.ru яги телефоналъул гьаб номералде (Вацап, СМС) 8988-465-90-34***

**МахIачхъалаялда гIумру гьабун вугев ГIисаев Расулица цIехолеб буго: «Социалияб фондалъул рахъалдасан хIукуматалъ кинал бигьалъаби рихьизарун ругел рагъулаб хъулухъалде ахIун, къотIи хъван ва жидеего бокьун СВОялда гIахьаллъарал чагIазе?»**

*Гьаб суалалъе жаваб батана ДРялъул Социалияб фондалъул нухмалъулев МухIамад ГIисаевасулгун гьабураб цо гара-чIвариялда. Гьес абулеб буго:*

- КIиго нухалъ цIикIкIараб роценалъул стажалда гьоркьобе уна СВОялда гIахьаллъараб заман. ТIубараб календарияб сонил хIисабги гьабун, СВОялда гIахьаллъараб заманалъе кьола 3,6 пенсиялъул балл. Цоги чагIазе букIинесеб пенсиялде тIаде бачIуна гIицIго 1,8 балл. Гьеб гуребги, СВОялъул гIахьалчагIи, пенсиялъул ригь щвелалде, кIиго соналъ цере, пенсиялде ине бегьула.

Гьел бигьалъаби гурелги, гьезие букIуна щибаб моцIалъ кьолеб 3896 гъурущ выплата. Гьеб кумек тIалаб гьабун, хитIаб гьабизе бегьула ДРялъул Социалияб фондалде. Гьеб выплатаялъул бакIалда гьез босизе бегьула социалиял хъулухъазул набор: сахлъи щула гьабиялъе санаториялде путевка, добеги нахъеги чIобого транспорт, чIорого дараби.

СВОялда гIажизлъи яги жагъаллъи ккани, чIезабула инвалидлъиялъулаб пенсия. Гьединго СВОялда хварал чагIазул хъизамазул хIалтIун бажаруларел чагIазе букIуна хьихьулев чи камиялдалъунин абулеб пенсия.




**Гъизилюрт районалъул Комсомольское росулъа 75 сон барав пенсионерас цIехолеб буго: «2024 соналъул январь моцIалда хIалтIуларел пенсионеразе 7,5 процентаалъ цIикIкIинабуна пенсия. Амма дие пенсия щвана цебе букIараб роценалда, ай цо копекалъ цIикIкIинабичIо. Гьелъие ккараб гIилла лъазе бокьилаан».**

*Гьаб суалалъе жаваб кьуна ДРялъул Социалияб фондалъул консультант МухIамадова Хадижатица:*

- Гьев гьалмагъасда нижеца мухIканго бичIчIизабун букIана гьеб кколин компьютералъул техникияб гъалатIин абун. ГъалатI битIизабуна ва, капек камизе течIого, бачIунеб моцIалъ цIикIкIинабураб пенсия гьесухъе щвезе буго.

**Сулахъ поселокалдаса МахIмудов АхIмадица цIехолеб буго: «Лъица гIарац кьезе кколеб лъел ва токалъул счетчикал хисаралъухъ?»**

*Гьаб суалалъе жаваб кьуна ЖКХялъул юрист Арсланов Мурадица?*




- 2011 соналъул анлъабилеб маялда РФялъул хIукуматалъ къабул гьабураб хIукмуялда рекъон, жалго бетIергьанаб минаялъул бетIергьабаз лъел счетчик хисизе ккола гьеб хIалтIиялъе бихьизабураб болжал ун бугони яги гьеб хIалтIулеб гьечIони. Гьединаб счетчик хисизе бихьизабун буго 30 къойил болжал.

Квартираялъул хважаинас управляющий компаниялда лъазабизе ккола счетчик хIалтIулеб гьечIин абун. ХIалтIулареб счетчик жиндир заманалда хисичIони, лъехъ ва токалъухъ гIарац кьезе ккола нормативалда рекъон.

Лъел счетчик хисизе бегьула гIицIго УКялъул, ТСЖялъул яги гьелъие хасаб изну бугеб компаниялъул мастерас. Амма, лъица гьеб хисаниги, гьелъул халгьабизе ккола гьелъие ихтияр кьураб компаниялъул хIалтIухъанас.

Приватизация гьабураб минаялъуб бугеб счетчик босиялъухъ, хисиялъухъ ва халгьабиялъухъ гIарац кьезе ккола хважаинас.

Муниципалиял ва ведомствоялъулал минабахъ счетчик лъеялъухъ ва хисиялъухъ гIарац кьола бюджеталъул сурсаталдасан, халгьабиялъухъ – мухьдахъ рукъ ккурав чияс.

Мина-рукъалъул бетIергьабазул ихтияр букIунаро токалъул счетчик жидецаго хисизе. ХIалтIулеб токалъул счетчик хисизе хважаинасе бокьани, гьес гьеб хIалтIухъ гIарац кьезе ккола.

*Нури НУРИЕВ*

# Гъумекиса МухIамадханил лъималазул баян

*(Авар гIурул мухъилъ чIарал магIарулазул тарихалдаса. Хъван буго XIX гIасруялда)*

*ХIадур гьабуна Тимур Айтберовас*



Гъумекисев МухIамадханил[65] лъабго вас вукIун вуго: Гунашги[66], ГIалиханги, ГIалибегги. Гьев МухIамадхан хун вуго 1092/1681 соналъ.

Гъумекдерил нуцабазул гIадат букIун буго Гъумекив хан хвараб мехалъ, гьесул наслуялъул бищун кIудияв ханлъун толеб. Гьебмехалъ, ай гьобго 1092/1681 соналъ, Сурхай дагIбадун вугила гъумекдерил ханлъиялда тIад. Гьес абун бугила кидаго хан нужер кьерулъа вукIине кколарилан. Жалги ханзабазул наслуялъул чагIи ругин. Гьанже ирга нижеде щун бугилан.

МухIамадханил лъималаца абунила нилъер умумузул гIадат бугин нижер наслуялъул бищун кIудияв гъумекдерил ханлъун вукIунеб. Умумузул гIадат нилъеца хвезабизе рекъон гьечIин.

Сурхайица МухIамадханилазул рагIи къабул гьабичIила. Гьес абун бугила, нилъеца, руккелги бакIарун, вилаяталда[67] гьикъилин, гьезие бокьарав Гъумекив ханлъунги телилан.

Сурхайил йикIун йиго сихIирай, бечедай, квер гIатIидай эбел[68]. Гьолъ гъумекдерил вилаят, [жиндирго] бакIалда бакIарун, рази гьабунила. Гьебмехалъ гъумекдерицаги абун бугила, Сурхайида рекъон, нилъер ракьалда ханлъи иргадал букIине кколилан.

Гьой чIужуялъул сихIру лъайдал, МухIамадханил лъимал пашманрокъо-рокъоре руссун руго Сурхай чIвазейилан къасдалда. Цо кьоялъ Гунашица чи витIун вугила: Сурхай жинда аскIове ахIизейилан. Живго инчIого, Сурхайица цин жиндирго лагъ довехун витIун вуго, МухIамадханилазул хIалалъухъ балагьизе.

Цинги, гьов лагъасда лъан буго: Гунашица Сурхай [жинда аскIове] макруялъе ахIулев вукIин. Гьосги абун буго Сурхайида: «Мун чIвазе ахIулев вугин доз, унге дове, – ян.

Гьебмехалъ Сурхайица гъумекдерил вилаяталде кагътал ритIун руго, МухIамадханил лъималазда рекIелъ бугеб жо бицун. Гьебмехалъ гъумекдерил агьлу балъго, сардилъ, цо бакIалде бачIун буго МухIамадханил лъимал чIвазейилан – 1092/1681 соналъ.

Гьел гIадамал рачIараблъи лъан, МухIамадханил лъимал Вараирейила[69] лъутун руго. Цо микьо къо гьениб байгун, гьезда рагIун бугила Сурхай хер хъвазе аскIоб бугеб колоде унев вугилан. Гьебмехалъ МухIамадханил лъималаз гьесие нух ккун бугила. Цинги гьезда гьоркьоб ккун бугила кIудияб рагъ. МухIамадханил лъималазги гьеб рагъулъ Сурхайил кверги къотIун бугила, гьесул вацги чIван вугила.

Гъумекисев Сурхай ХIамзатил наслуялъул чи вукIун вуго. МухIамадханил лъималин абуни ГIаббасил наслуялъул чагIи рукIун руго[70]. Цинги МухIамадханил лъимал – аманги гьарун, – гIандалазулги гьидерилги вилаятазде кIанцIун руго. Гьидерица гьел тун рукIун руго Гьолокь. Гьенир чIун рукIун руго МухIамадханил лъимал кIиго соналъ. Цинги, бакъул унтиялъукьаги хIинкъун, гьаб гуреб, цоги бакI кьейилан гьарун бугила.

Гьидерица кьун бугила ТIелекь абулеб бакI. ГIандалаз кьун бугила Гьонодаги ГьоцIалъги. Гьебмехалъ Гъумекиса лъутун рачIарал нуцабаз жидедаго гьоркьоб можоро тIамун бугила. Бищун Гунаш бергьун вуго, гьев Гьоноде ун вуго. Хадув, ГIалибег бергьун вугила, гьев ТIелекье ун вуго. ГIалихан бищун къун вугила, гьев ГьоцIалъе ун вуго.

[65] ГIурусаз хъван буго 1616 соналъ: Дагъистаналъул нуцабаз витIун вачIанила Теркалда бараб жидер хъаладухъе милъид, ай гъоркьлъалие, цо гъумекисев – МухIамадхан абулев гьитIинав вас.

[66] Гьесул зани Гьонода росулъ цIунун буго. Гьелда хъван буго: Гунашнуцалчи хвана 1696/97 соналъ.

[67] Вилаят – гIарабазул рагIи буго; улка-ракь, бо абураб магIнаялда хIалтIизабун буго гьаниб.

[68] Гъумекдерица бицунеб букIун буго: гьелъул цIар Умамат-бика букIанилан.

[69] Вараиб – тумазул росу буго, МохIоб росдалгун гIорхъода бегараб.

[70] Гьанир рехсарал ХIамзатги ГIаббасги Аварагасул (с.гI.с.) имгIалзаби ккола.

***«МагIарулалъ хъварал тарихиял асарал» абураб тIехьалдаса***

## РАГIИКЪОТI




**ГIебеде:** 1. Оркестралъул музыкалияб алат. 4. ГIарзаялъул квегIаб рахъалда чIвалеб мугъру. 9. Кепалъе гьабулеб калам. 10. Шагъаралъул цо бутIа, авал. 14. Кура гIурул гIаркьел. 15. Рагъулаб техника бачунезул цояв. 16. БоцIуе кьезе хIадурулеб квен. 17. ЧчугIил тайпа. 19. Л. Н. Толстоясул «Война и мир» романалъул героиня. 21. Сардил хIинчI. 23. Сибиралда бугеб гIалхулаб рохь. 24. Циркалъул артистал цере рахъунеб бакI. 27. ДагIба-къец. 31. Жинде кагъат, телеграмма битIулев чи. 34. Мехтизарулеб гьекъолеб жо. 36. ХIухьел цIазе захIмалъулеб унти. 37. Херлъарав рагъухъан. 38. Хъулухъишалда жаниб цебетIей, цIар-рецц щвей. 39. Офицерасул чин. 40. МегIер, гIалах, рохьал. 41. Эстониялда бугеб шагьар ва гIор. 42. Мунагь гьечIезул ахираталъул ракь.

**ГIодобе:** 2. Бахъун цIидасан чIезелъун бекьараб жо. 3. Квасул, хинаб ретIунеб жо. 5. Бице-кицен, цIар ин, легенда. 6. ГIиязул тайпа. 7. Рагъухъабазул рега-рахъунеб бакI. 8. Дагъистанияв, Россиялъул БахIарчи. 11.Ралъдал хIинчI. 12. Мурад тIубай, разилъун рецц гьаби. 13. Географиялъул картабазул тIехь.18. ТIоцебе космосалде боржараб гьойда цIар. 20. Музыкалияб асар. 21. РухIчIагольи, инсан хьихьараб жо. 22. Кино-концерталда гIадамал ракIарулеб бакI. 25. Гьобо хIалтIизабулеб алат.26. КъватIалъул кIиябго рахъалдаса гIадамал хьвадизе гьарураб бакI. 28. Киноялъул артист. 29. Машинаялъул цадахъ хIалтIулел тIагIелазул узел. 30. ГурхIел-рахIму, яхI-намус. 32. ЧчугIил тайпа. 33. МагIарулазул машгьурав генерал. 34. Салул авлахъалда бижулеб, тIанхалги гьечIеб гьитIинаб гъветI. 35. ХIара къокъал гIарадабазул цо тайпа.

*ГIуцIана ГIалиасхIаб ДАВУДМИРЗАЕВАС, ЧIарада район, Гьочоб росу*

**8-аб. номералда лъураб рагIикъотIалъе жавабал:**

**ГIебеде:** 1. Чайка. 3. Кумек. 8. АлхIам. 9. Мукъур. 11. Пири. 13. Парк. 14. Кожедуб. 16. Чаран. 17. Рохел. 18. Как. 20. Санаторий. 22. Нур. 24. Месед. 26. Къалам. 28. Ламадур. 30. Квен. 32. ГIака. 33. РатIал. 34. Лачен. 35. Рохти. 36. Сургу.

**ГIодобе:** 1. Чурпа. 2. Кули. 4. Уран. 5. Каска. 6. Талон. 7. Гудур. 8. Аргъан. 10. Рачел. 12. Денатурат. 14. Карачел. 15. Боливар. 18. Кан. 19. Кор. 21. МегIер. 23. ВатIан. 25. Дарай. 26. Къуват. 27. Актер. 29. Назму. 31. Нарт. 32. ГIебу.

ХIАКЪИКЪАТ

БетIерай редакторалъул ишал тIуразарулей
ХIАЖИЕВА Зульфия Багъатаровна
65-00-66

Заместителал
Зикрула ИЛЬЯСОВ
Темирхан ХIасанов
(На общественных началах)
Жавабияв секретарь
МухIамадхIабиб МАХIАТIОВ

Отделал:
Тарих
Редактор:
Пайзула ПАЙЗУЛАЕВ
МухIамад Манапов

Информация, политика, гIелму ва лъай кьей
Редактор:
Кавсарат Сулейманова
Ашахан Юсупов
Рукъият ГIалисултанова

РухIияб хазина
Редактор:
ПатIимат ГьитIинова
ПатIимат СултIанмухIамадова

Адабият
Шамай Хъазанбиева

Росдал магIишат
Редактор:
ГIабаш ГIабашилов
ПатIимат МухIамаева

ЦIалдолезул кагътал
Нури Нуриев
ГIайшат ХIалакъова

Корректор
Хадижат Дамаданова

Социалиял гьинал, IT-технологиял
МухIамадкарим ХIамзаев

Электронияб почалъул адрес:
hakikat1917@mail.ru
www.hakikat.info

Заказ №____
Печаталъе гъулбасана - 20.00
Гъулбасана - 19.00

РЕДАКЦИЯЛЪУЛ ВА ИЗДАТЕЛЬСТВОЯЛЪУЛ АДРЕС:
367018 МахIачхъала, Насрудиновасул проспект, 1-А
Газета къватIибе биччана «Лотос» басмахана» ОООялъ
367000, МахIачхъала Пушкинил къватI, 6

«ХIАКЪИКЪАТ» ГАЗЕТА ГIУЦIАРАЛ:
ДРялъул Информациялъулгун печаталъул агентство

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД от 21.05.2019 г.
Регистрационный номер ПИ № ТУ05-00427

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, балъголъи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.
Редакциялъ кидаго гуро макъалаялъул авторасул пикру гIахьал гьабулеб

Тираж - 5009
Газеталъул индекс: 51314 (бащдаб лъагIалие)

Багьа 15 гъурущ

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гьоркь: «Заман», «Аваристан», «ХIалтIулел чагIи», «БагIарал мугIрул», «МагIарул мискинзаби», «МагIарулав», «Социализмалъул байрахъ», «МагIарул большевик», «Дагъистаналъул правда», «БагIараб байрахъ».